ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№157 (22.065) ● 2011 гъэм шыщхьэIум (августым) и 23, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал IуэхущIапIэхэм

Проценти 190-кIэ хохъуэ

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм щыIэхалъхьэжащ республикэм и къэрал щIыб экономикэ дэжьыгъэм ящэнэ ныкъуэм къриубгъуэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыщу абы хэтахэм США-м и доллар мелуан 84,55-рэ и уасэ къэрал щIыб сату ящIащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм яхуэзэфIэкIам нэхъ рэ проценти 190-кIэ нэхъыбэщ.

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щIыналъэхэм КъБР-м абыкIэ проценти 5,76-рэ щеубыд (2010 гъэм и ящэ мазихым проценти 3,06-рэ).

Щэн-къэщхун Iуэхуэхэр республикэм и налог IэнатIэхэм щатхауэ къэрал щIыб экономикэ лэжьыгъэм хэтхэу 144-м ирагъэкIуэкIащ. Абыхэм ящыщу 102-р къэрал Iуэхущ1апIэщ. Дэтхэнэ зымиику иту къэрал щIыб сатум щIэзэрагъэкIуэкIам тещIыхьауэ США-м и доллар мелуан 0,59-рэ хуоуэ.

Ящэ илъэс ныкъуэм республикэм щIэзэрагъэкIуэкIа сатум и процент 11,27-м нэблагъэр нэгъуэщI къэралхэм хуоуэ. Къэрал щIыб экономикэ лэжьыгъэ езыгъэкIуэкIэм США-м и доллар мелуани 9,53-рэ и уасэ сату ящIащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ зы мелуанрэ мин 13-кIэ нэхъыбэщ.

ТпэIэщIэ къэралхэм США-м и доллар мелуани 6,48-рэ и уасэ сату дащIащ. Абы щыщу СНГ-м хыхьэхэм доллар мелуани 3,05-рэ хуоуэ.

Республикэм ищэхэм я процент 35,87-р химие промышленностым къыщIигъэкIхэрщ. Мы гъэм и ящэ мазихым нэгъуэщI къэралхэм къыщищэхуам и процент 61,91-р машинэхуэр IэнатIэм къыщагъэсэбэп продукцэщ.

Къащэхуэхэм ятещIыхьауэ, республикэм и предприятэхэм США-м и доллар мелуан 75,02-рэ и уасэ къэрал щIыб сату ирагъэкIуэкIащ икIи гъэ кIуам и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ доллар мелуан 54,27-кIэ хагъэхъуащ. ТпэIэщIэ къэралхэм зэпыщIыпу США-м и доллар мелуан 69,74-рэ и уасэ (процент 306-кIэ нэхъыбэ), СНГ-м хыхьэхэм я деж доллар мелуани 3,6-рэ и уасэ (процент 46,43-кIэ нэхъыбэ) къыщащэхуащ.

НэгъуэщI къэралхэм я сатуущI дарэгъу лъэрыхьхэу я продукцэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къэзышхэм ящыщщ Италиер (процент 48,89-рэ), Германиер (процент 17,05-рэ), Китайр (проценти 7,24-рэ), СНГ-м хыхьэхэу Украинэр (проценти 4), Азербайджанэр (проценти 2,27-рэ).

ЩIыналъэ 24-м щолажьэ

КъБР-м сату-экономикэ IуэхуэхэмкIэ Урысейм и щIыналъэхэм щиIэ Iуэхущ1апIэхэм мы гъэм и ящэ мазихым сом мелуан 756,82-рэ и уасэ сату зэфIагъэкIащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ проценти 107,68-рэ мэхъу. Мы илъэсым а бжыгъэр сом зы мелардэрэ мелуан 600-м нагъэсыну я мурадщ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм къэрал щIыб зэпыщIэныгъэхэмрэ щIыхуб хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм ядэлэжьэныкIэ и къудамэм и унафэщI Гуртуев Мурат зэрыжIамкIэ, сату-экономикэ, щэнхабзэ, егъэджэныгъэ IэнатIэхэм, апхуэдэу щIалэгъуалэ политикэмрэ спортымрэ ятеухуа щIыналъэ зэхуаку зэпыщIэныгъэхэр гъэм зэрыщIидзэрэ Урысей Федерацэм и щIыпIэхэм къыщызэрагъэпэщ. Абыхэм я зыужьныгъэм сэбэп хуохъу зэгурыIуэныгъэ-правовой лъабжьэ быдэм тету зэрызэдэлажьэр. Апхуэдэ щIыналъэ зэхуаку зэхущытыкIэ зэгурыIуэныгъэхэр ди республикэм къэралым и щIыпIэ 24-м ярищIыналъ.

ЩIыналъэ зэхуаку зэгурыIуэныгъэхэр игъэзэщIэн папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым сату-экономикэ IуэхуэхэмкIэ и хэщIапIэхэр 2006 гъэ лъандэрэ Урысейм и щIыпIэхэм къыщыIэуех. Нобэ ахэр къэралым и щIыналъэ 24-м щолажьэ.

КЪЭРЭЩEЙ Элеонорэ,
КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм къэрал щIыб зэпыщIэныгъэхэмрэ щIыхуб хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм ядэлэжьэныкIэ и къудамэм и IэщIагъэлI-эксперт нэхъыщхьэ.

Абхъазым и ЛIыхъужь

Нартхэм я къуэ, Кавказым и щауэ,
Ди псэу Сосналы СулътIан!
Дэтхэнэ абхъазми и гум, лIыхъужь,
Уэ лъэужь махуэ кьибнащ.

ЦУГБЭ Вячеслав,
Абхъаз Дзэм и полковник.

**«Ди генерал Сосналы СулътIан» - абрагъ и щIэр Бебиа Екатеринэ и IэдакъэщIэкIыу Сыхъум кьыщыдэкIа тхылым. Абхъаз лъэпкым псэемыблэжу хуэлэжьа, зи фIыщIэмрэ зи щытхъумрэ яхуэмыух генералыр зыщIыхуахэм захуигъазэурэ, тхакIуэм мурад ищIат и лъэпкъэгъухэм Сосналыр нэхъ гъунэгъуу кьаригъэщIыхуну. Бебиа утыку кьрихьащ генералыр кьызыхэкIа лъэпкым, и Iыхьлыхэм, къэзыщIыхуахэмрэ зауэм и кIуэцIкIэ щытыкIэ зэхуэмыдэхэм ар щызыгъэунэхуа зауэлIэхэмрэ я гукъэкIыжхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрми Абхъазми Сосналы СулътIан куэдым фIыуэ кьыщалъагъу, ауэ Екатеринэ и тхыльыр гъэщIэгъуэн зыщIыр адыгэлI гъуэзэджэр иджы абхъаз цIыхубэм я нэкIэ зэрыдигъэльагъурщ. «Адыгэхэр» жезыгъэIа зауэлIхэм я пашэр цIыху хахуэм и мызакъуэу, тепльэкIи купщIэкIи цIыху дахэт. Абы и хьэлым Iэщ1агъэм кьалэн кьыщищ1 ткIиягъымрэ гум и щабагъымрэ щызэзэгъыр т. Арауэ кьыщIэкIынщ тхыльым и купщIэ нэхъыщхьэр: нэгъэсауэ цIыху хахуэр гущIэгъуныщ, зигу кьабзэм щынэ ищIэркъым. Бебиа Екатеринэ Абхъаз лъэпкъ университетым журналистикэмкIэ и кафедрэм и профессорщ, езыр журналистщ икIи тхакIуэ щ. Генералыр фIыуэ зыльагъу псоми я гуапэ хъуну ди гугъэщ мы тхыгъэм кьыщыдгъэсэбэпа абы и тхылъыщIэм щыщ пычыгъуэхэр.

Генерал-лейтенант Сосналы СулътIан 1942 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м кьалъхуащ. Сызрань кьалэм авиациемкIэ зет еджапIэмрэ маршал Жуковым и цIэр зезыхьэ Дзэ академиемрэ кьиухащ. СССР-м и уафэр зыхьумэ дзэхэм яхэту кхъухьлъатэзехуэуи, авиациемкIэ Iуэхущ1апIэм и унафэщIуи лэжьащ. Куржы-Абхъаз зауэм (1992 - 1993) щыгъуэ Абхъаз Республикэм Хэкур хьумэныкIэ и министру, зауэ нэхъыбэм - вице-премьеру лэжьащ. «Абхъазым и ЛIыхъужь», «СССР-м щIыхь зиIэ и кхъухьлъатэзехуэ» цIэ льапIэхэр кьыфIащащ, Бэракъ Плъыжь, Невский Александр, «Ахьдз-Апша» орденхэр кьыхуагъэфэщащ.



Генерал-лейтенант Сосналы СулътIан

Анзор-Сосналы Дыщэ: дзэпщ тельыдщэм и анэ

Сосналыхэ Къэбэрдей пщы лъэпкъыжьхэм языхэзщ. ТхакIуэм кьызэрихутамкIэ, а унэцIэм кьытекIащ нобэрей Аргудан кьуажэм пасэм зэрихьэу щыта цIэр. Зэманым и Iэужь у, Сосналыхи яхуэмыфащэу лей зытехьа, зи кьуэфI куэд ягъэкIуэда лъэпкъхэм ящыщ хъуащ. СулътIан и адэ Аслъэмэч Хэкум щрахуам и ныбжьыр ильэсипщI хъу къудейт. Абы емыльытауи, Хэку зауэшхуэр кьэхъеят нэужь, Аслъэмбэч езыр лъаIуэри зауэм ягъэкIуащ, ярщхьэкIэ абы и ужькIи Къэбэрдейм ирагъэсыжакъым. Ильэс 38-рэ фIэкIа мыхъуу фызабэу кьэна Дыщэ кьаруу и пIэр тригъэкIуэдащ и щIалитIыр адэзиIэм иримыгъэхьуэпсэным.

Езы Дыщэ Къэбэрдей уэркъ цIыхубз зэрысльагъур кьызэгурыIуащ, - жиIэрт Къэбэрдеймэ Абхъазмэ фIыуэ щацIыху щIэныгъэлI, профессор Щэныбэ Мусэ. - А цIыхубзыр иджыри си нэгум щIэтщ. Ар зауэлI, дзэпщ щэджащэм гъащIэ езыта цIыхубз щэджащэт...»

Сосналы Анатолэ: ФIыуэ схэль псори си къуэш нэхъыжьым кьыбгъэдэсхауэ араща

- Дэ дыдэрыцIыкIурэ тщIэрт адрей псоми ешхьу дыщыт зэрымыхьунур. ЦIыхум дащыхэтым деж дыдэыкIэльыплъыжьым хуейт. Деджэмэ - псом нэхърэ нэхъыфIу деджэн, дылажьэмэ - псом нэхърэ нэхъыфIу дылэжьэн хуейт. Сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэу дыщытынкIи ди гъащIэ кьалэнт. Си дежкIэ, дауи, си кьуэш нэхъыжь СулътIан сыткIи щапхъэн, сэри зэрысхуэзэфIэкIкIэ сыхэтт дыкьызыхэкIа пщы лъэпкъыр сымыгъэкIыт эну. СехьулIауэ собж апхуэдэ кьуэш нэхъыжь сызэриIам щхьэкIэ. Си кьуэшыр тутын ефэу цыгамэ, сэри сефэнут, фадэ ифIэфIу щытамэ, сэри сфIэфIынут. Ар ди анэм дэIэпыкъурти, сэри дэIэпыкъун щIэздзащ. Ар фIыуэ еджэрти, сэри седжэну сыхэтт, ФIыуэ схэль псори си кьуэш нэхъыжьым кьыбгъэдэсхауэ араща.

(КIэухыр 3-нэ нап.).

Къэрал яубыд

ИТАР-ТАСС хъыбарегъащIэ IэнатIэм кьызэритымкIэ, Ливием и унафэщI Каддафи Муамар и кьулыкъум традыным зымащIэщ иIэжыр. НАТО-м и лIыкIуэ Лунческу Оанэ зэрыжиIэмкIэ, абы и тетыгъуэр ихуагъэнущ.

НАТО-м кьызэритымкIэ, хамэ къэралхэр зэгухьэу Ливием зэрытеуэрэ, а альянсым и кьхъулъатэхэр бомбэкIэ абы суащ 19750-рэ. ЗыкъэзыIэтахэр Триполи зэребгъэрыкIуэрэ НАТО-м и кхъухьлъатэу 100-м махуэ кьэс узгум заIэт. Ахэр бомбэкIэ еуэ зэпытщ Триполи и хьуреягъкIэ. Щэбэт закъуэм а кхъухьлъатэхэм якъутащ Каддафи и дзэм и унафэ щIыпIэу 3, Iэщэ хьуманIэ, нэгъуэщI куэди. Абы щыгъуэми кьатакьым НАТО-м и кхъухьлъатэхэм мамыру псэу цIыхуу яуKIар зыхуэдизыр. Каддафи и лъэныкъуэм кьызэритымкIэ, дыгъуасэ и закъуэ Триполи псори зэхэту щыхэкIуэдащ цIыху 376-м щIигъу, мин бжыгъэхэр уIэгъэ хьуащ.

Зыри хуиткъым

ИТАР-ТАСС хъыбарегъащIэ IэнатIэм кьызэритымкIэ, Ливием и унафэщI Каддафи Муамар и кьулыкъум традыным зымащIэщ иIэжыр. НАТО-м и лIыкIуэ Лунческу Оанэ зэрыжиIэмкIэ, абы и тетыгъуэр ихуагъэнущ.

НАТО-м кьызэритымкIэ, хамэ къэралхэр зэгухьэу Ливием зэрытеуэрэ, а альянсым и кхъухьлъатэхэр бомбэкIэ абы суащ 19750-рэ. ЗыкъэзыIэтахэр Триполи зэребгъэрыкIуэрэ НАТО-м и кхъухьлъатэу 100-м махуэ кьэс узгум заIэт. Ахэр бомбэкIэ еуэ зэпытщ Триполи и хьуреягъкIэ. Щэбэт закъуэм а кхъухьлъатэхэм якъутащ Каддафи и дзэм и унафэ щIыпIэу 3, Iэщэ хьуманIэ, нэгъуэщI куэди. Абы щыгъуэми кьатакьым НАТО-м и кхъухьлъатэхэм мамыру псэу цIыхуу яуKIар зыхуэдизыр. Каддафи и лъэныкъуэм кьызэритымкIэ, дыгъуасэ и закъуэ Триполи псори зэхэту щыхэкIуэдащ цIыху 376-м щIигъу, мин бжыгъэхэр уIэгъэ хьуащ.

◆ПщылIыпIэм икIуэдахэм я дунейпсо фэеплъ махуэу, пщылIыпIэр гъэкIуэдыным и дунейпсо махуэу ягъэлъапIэ.

◆Украинэм и къэрал ныбым и махуэщ

◆Волгоград щагъэлъапIэ 1942 гъэм Сталинград фашист авиацэр кьеуэуэрэ цIыху мин 43-рэ зэрыкэхIуэдауэ щытам, цIыху мин 50 уIэгъэ зэрыхьуам и фэеплъ махуэр.

◆Ильэс 20 и пэкIэ РСФСР-м и президентым и унафэкIэ, зэгъэгъэуыIат РСФСР-м и Коммунист партым и лэжьыгъэр. ШыщхьэIум и 24-м СССР-м и президент Горбачев Михаил КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэ кьулыкъур зыщIэхьощIахащ.

◆ШыщхьэIум и 23 - 27-хэм Линдау (Германие) щекIуэкIащ Нобель и сауГъэтыр экономикэмкIэ зыхуагъэфэщахэмрэ щIэныгъэлI щIалэгъуалэмрэ я 4-нэ зэIущIэ.

◆1992 гъэм кьызэрагъэпэщащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиер.

Дунейм и щытыкIэнур:
«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, нобэ Налшык мащIэу уэшх кьыщешхынущ, хуабэу махуэм градус 21-рэ, жэщым градус 18 щыIэнущ.

ПлIанэр зыхьхьэзыгар
ГЪУЩIО Зарифи.

Лъэпкъ Iуущ1ъэ:

Акъылым и анэр гупсысэщ.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Ди газетым щыщхьэIум и 30 щIондэ Iэ тевдзэмэ, ар ныфIэрыхьэнущ фокIадэм и 1-м щыщIэдзауэ.

МазипIым ди газетым и уасэщ сом 237-рэ кIэпIейкIэ 40-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ1апIэ псоми.

Ди индексыр 51531

ТомитI мэхъу

● Тхьлтъыщ1э

Иджыблагъэ дунейм къытехьащ еджагъэшхуэ, биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысей Федерацэм, Кубаным, Адыгэ Республикэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Щоджэн Iэсхьэд «Агрохимием и тхыдэмрэ и методологиемрэ» зыфIища и тхылъыщIэр. Ар кьыдагъэкIащ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм, Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и академием, «Кубань Къэрал аграрнэ университет» ВПО ФГОУ-м, Прунымкl Iэ Урысейпсо щIэныгъэ-къэхутакIуэ институт» ГНУ-м я дэIэпыкъуныгъэкIэ.

ЩIЭНЫГЪЭЛIЫМ абы щызэпкърех ижьижьыжьым къыщыIэдзауэ епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэ пщIондэ агрохимием и зыужьыкIам и лъэхъэнэ нэхъыщхьэхэр. Тхылъыр томитI мэхъу, Iыхьэ пщыкIутхуу зэхэтщ. Япэр - а щIэныгъэр зэхьэIам, и мурадым, и кIалэнхэм, агрохимие къэхутэныгъэхэм я методологиехэмрэ я Iэмалхэмрэ топсэльыхь. Адрейхэм лъэхъэнэ жьыжьэ дыдэм кьыщежьэу ди нобэм кьэсыху кьэкIыгъэхэм я зыужьыкIэм, щIым, ар хуэмэныкьмрэ гъэпшэныкьмрэ цIыхум хуищIа гулъытэр зыкъуэдэм дыхагъэгъуазэ. Еджагъэшхуэм кьууэ зэпкърех щIым и зехьэкIэм, кьэкIыгъэхэм я микробиологием, я физиологиемрэ биохимиемрэ агрохимием щигъэзащIэ мыхьэнэр.

Тхылъым щызэкIэлъыхьащ лIэщIыгъуэхэм щызэIэпахыурэ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм я къэхутакIуэхэр агрохимием и зыужькIэм зэрыкIэлъыплъа щIыкIэр. Абы ихуащ а Iуэхум хэльхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа еджагъэшхуэхэм я гъащIэм теухуа пычыгъуэхэмрэ суратхэмрэ.

Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и чэнджэщкIэ, Щоджэн Iэсхьэд и тхылъыщIэр еджапIэ нэхъыщхьэхэм я программэхэм зэреджэ пособиеу хагъэхьащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Лъэпкъ фестиваль

АДЫГЕЙ. ***Республикэр кьызэрыкьэрагъэпэщрэ илъэс 20 щрикьум ирихьэлIэу Адыгеим и лъэпкъ Iэпщ1ъэлапщ1агъэхэр хуэмэным теухуа фестиваль еIуэкIащ. Гъардендэ жьыдагъуэм дэт «ПАП» ООО-м адыгэ макъамэ Iэмэпсымэхэр, лъэпкъ щыгъыныгъуэхэр, дыщэндэхэр, нэгъуэщI хьэпшыпхэр гъэIуэгъуэхэр щагъэтъэгъуащ. Зэпеуэм хэтащ республикэм и куенхэм я лIыкIуэ 30-м щIигъу.***

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхэ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий фестивалым хэтхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ псалъэ гуапэ хэмкIэ захуигъэзащ икIи кьыхигъэщащ ягъэлъагъуэ щIыхубэ Iэдакъэщ1экIэм лъэпкъым я щэнхабзэр зэфIэгъэзэуэвэкьым папщIэ мыхьэнэщхуэ зэраIэр. «ЗэманкIыхькIэ тщигъупщжауэ щыта адыгэ Iэрыкьгъэр кьыдогъэщIэрэщIэж. А хабзэ дахэхэр къехьэжьэныным и жэрдэмщIакIуэщ ди лъэпкъыр. Си фIэщ мэхъу а Iуэху дахэм Адыгеим щыпсэу адрей лъэпкъхэм щыщхэри кьызэрыхэтшэнур», - жиIащ ТхьэкIушынэм.

Властым и IэнатIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, хамэ къэрал щIыIэ адыгэ диаспорэхэм я лIыкIуэхэр зыхэта фестивалым и хьэщIэхэм адыгэ шхыныгъуэ хэр Iуагъэхуащ, уэрэдыжьхэм ирагъэдIуащ.

ЕгъэджакIуэхэм я улахуэм хущIагъу

КЪЭРЭЩEЙ-ШЭДЖЭС. ***Гъэ еджагъэущIэм щыщIидзэж фокIадэм и 1-м къэралыгъуэ республикэм и егъэджакIуэхэм я улахуэм процент 23,5-кIэ хагъэхьэнущ.***

ФIыуэ зэрылажьэм папщIэ хущIагъур хэпльхьэжмэ, дэтхэнэ егъэджакIуэми дяпэкIэ ику иту сом минин 10-м щIигъу кьихьынущ. КъШР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Гурин Александр зэрыжиIамкIэ, егъэджэныгъэ IэнатIэм и гъэльапкIуэхэм ират тезыгъэгушхуэ ахъшэми хагъэхьэнущ.

УЭРДОКIУЭ Женя.

Республикэм и цIыхухэу пщIэ зыхуэтщIхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж жэщымрэ мазэмрэ щолажьэ корпурупэм теухуащ хьыбар зэрегъащIэ хьуну телефонхэр.

ВЛАСТЫМ и лIыкIуэхэм яIыгъ къулыкъуэхэр я щхьэ IуэхукIэ кьызэрагъэссэбэпым, лэжьыгъэм ехьэлIа, уголовнэ законодательствэр кьызэрызэпрадым фыщыгъуазэмэ, а телефонхэмкIэ Администрацэм и лэжьакIуэхэм захуэгъазэ хъунущ. ХэIущIыIу фащIу пыхьышвышныхь Iуэху гуэрхэм фытепсэльыхьынымэ, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и лэжьакIуэхэм зыкъыфIращIэ зэрыхъуну телефоныр къэгъэльагъуэмэ зэфIэкIынущ. ЦIыхуэхэм кьабгъэдэкI дэтхэнэ хьыбарри урысей законодательствэм кьызэрыгъуэм тету зэхагъэхьынущ хабзэхьуэмэ, кьэпщытакIуэ органхэм. Хьыбарыр кьызыбгъэдэкIар хэIущIыIу ящIынукъым.

Телефонхэр: **8(8662) 47-17-79, 47-32-56.**

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

ЗэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэн

Урысей Федерацэм Федерацэмкlэ и Советым и Федеральнэ Зэлущlэм хэт, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и хабзэгъэув органым и лIыкlэ Къэжэр Альберт Хьэту и къуэм 2011 гъэм и гъатхэ-гъэмахуэ сессиемрэ 2010 гъэмрэ кърриубыдэу Федерацэмкlэ Советым щилэжьахэм ятеухуауэ КъБР-м и Парламентым къыщипсэльар

Республикэм и Парламентым и лэжьыгъэм теухуауэ иужьрейуэ сыкъыщэрыщыпсалъэрэ сэ си къалэным къыхэхъуащ - Федерацэмкlэ Советым Информацэ политикэмкlэ и комитетым сыхагъэхьащ, щылажьэн щыгъэтащ Хабзэхьумэ, суд Iуэхуэмкlэ комитетым - абы и лэжьыгъэм сыхэтат Iэ сlэтыну сыхуимыту.

Фигу къэзгъэкlыжьащ, сэ Финанс рыночкэмрэ ахъшэ зэгъэкlуэкlыныкlэ комитетым сыхэтщ, Регламентымрэ парламент лжьыгъэр къызэгъэщыныкlэ комиссэм и унафэщым срикъуэгъэщ. Информацэ политикэмкlэ Федерацэм и Советым и комиссэми сыщолажьэ.

Псом япэ и гугъу сщыну сыхуейт Федерацэмкlэ Советым Финанс рыночкэмрэ ахъшэ зэгъэкlуэкlыныкlэ и комитетым 2010 гъэм щыдлэжьам.

2010 гъэм а комитетым щызэхэтащ зэлущ 28-рэ. Абы щыхэпльащ Iуэхугъуэ 123-м. Къищынэмыщlауэ, Федеральнэ закону 39-р хабзэ и лъэныкъуэкlэ зэрыгъэпсам дыхэпльащ, ахэр псори Къэрал Думэм кьщщэри, Федерацэмкlэ Советым хэпльэн хуейуэ Iэригъэхьащ. Абы щыщу закон 24-м дыхэпльащ сэ сынэ хъыщхьэу.

Япэ еджэгъуэм хуагъэхьэзыр федеральнэ законэм я проекту 2010 гъэм сыхэпльащ 48-м. Абы щыщу щыр Федерацэмкlэ Советым докладхэмкlэ сэ езым къыщыгъэльэгъуащ. Ар «Іуэхущапlэ шынагъуэм и унафэщым аварие къыхэрыхъуам и зэранкlэ зи узынщагъэ зыфlэкlуэда и лжьакlуэхэм Iэмал имыIэу страховкэ яхуищыным» теухуарщ. Етlуанэр а закон дыдэм зэхъуэкlыныгъэу хэтлъхьам дыщыщгъуахэращ. А Федеральнэ закон гугъум мыхьэнэшхуэ икlи юридическэ кьалэныщхуэ эзрилэм къыхэкlыщ, Iуэхур щыгъуэ зыдыгъуэ къыгъэзыгъэлъуэ тхыгъэхэр СМИ-м и къыдэкlыгъуэ зэмылlужьыгъуэхэм къытрезгъэдзащ, утыку зыбжанэми сыкъыщыпсэльащ.

Ещанэ проектыр Федерацэмкlэ Советым щызгъэльэгъуэн хуейуэ къалэн къыщащlат къыздэлажьэжьэ. Ар «Транспорт зиIэхэм я гражданскэ жэуапльныгъэр Iэмал зимыIэ страхование щыным» теухуа проектращ. Абы щыубзыхуэ мэхъу страхованиер зыщlхэр бланкхэмкlэ, Iэмал зимыIэ страхованием и страховой полисхэмкlэ къызэгъэпэщыным пыща Iуэхуэр.

2011 гъэм и гъатхэ-гъэмахуэ сессием кьриубыдэу Финанс рыночкэмрэ ахъшэ зэгъэкlуэкlыныкlэ комитетым къыхихьауэ палатэр хэпльащ икlи арэзыуэ кьищтащ федеральнэ законэм я проект 13, абы щыщу 3-м страховании и Iуэхугъуэхэм кьыпащэрт. А щым яхэтащ дэзм кьулыкъу щызыщlэхэм я гъащlэмрэ я узынщагъэмрэ страховкэ щIыным, «Мэкъумэш Iэнатlэм страхованиер къэралым щыдыIыгъыным, абы папщlэ «Мэкъумэш Iэнатlэм зиужьныкlмкlэ» Федеральнэ законым зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным» теухуа проектхэр.

Къищынэмыщlауэ, 2010-2011 гъэхэм Комитетым и лэжьакlуэхэм къызэдгъэпэщурэ едгъэкlуэкlащ панлемрэ едэIуэныгъэхэу: «Уасэ зэрат лъэпкъ гъэпсыкlэм», «Урысей Федерацэм и ахъшэ хьуманIэ Iэнатlэм зезыгъэужьну Iэмалхэм» зэрызэхащагъэр. Регламент пщlалъэхэр гъэзэфlэкlэныкlэ комиссэр 2010 гъэм нэхьыщхьэу зяужь итар 2011 гъэм щыщыIэм и 1-м лэжьэн щlэзыдза, Федерацэмкlэ Советым и зэхэлъыкlэр щlэрыщlэу зыубзыху законыр гъэхьэзырынымрэ ар и чэзум гъэзэщlа зэрыхьунум Iуэхур теухуэнымрэщ.

Гъатхэ сессием и лъэхъэнэм Федерацэмкlэ Советым и Аппаратым и Iэтащхьэм и унафэкlэ къызэрагъэпэщат Федерацэмкlэ Советым щыщхэр, комиссэм и аппаратым и лэжьакlуэхэр, Къэрал службэмрэ кадрэхэмкlэ управленэм, Финанс-экономикэ, Правовой управленэхэм я лIыкlуэхэр зыхагъэхьа лэжьакlуэгуп. А гупым и лэжьыгъэм кьыпэкlуэу, Федерацэмкlэ Советым и Регламентым теухуа жэрдэмхэр дгъэхьэзырри кьыхэтхьащ- ти, ахэр Iуэхуэм и лъабжьэу кьыщащтащ Федерацэмкlэ Советым и 278-нэ зэлущlэм.

Федерацэмкlэ Советым и Регламентым игъуэта зэхъуэкlыныгъэхэм я етIуанэ Iыхьэм ехьэж федеральнэ парламентарийм и статусыр, абы ипкъ иткlэ, Федерацэмкlэ Советым щыщхэр Iэмал имыIэу палатэм и пленарнэ зэлущlэхэм хэтын хуейуэ дгъэуващ. Палатэм, абы и кьудамэхэм я зэлущlэ псоми Федерацэмкlэ Советым хэтэгъэкурихьэлIэн зэрыхуейр кьыхэзыгъэнэщ Iуэхугъуэхэм я системэм щIызыгъэ куэд хэльщ а зэхъуэкlыныгъэхэм.

Абы щыгъуэми, къэтщтащ Федерацэмкlэ Советым хэтэгъэкlуат етхэм, комиссэхэм я зэлущlэм мыкlуэну хуит къэзыщlа щхьэусыгъуэхэр зыхуэдэн хуейхэр. Федерацэмкlэ Советым и Унафэщым хуитныгъэ игъуэтащ Советым хэтэгъэ зэлущlэм кьыхэзекlуалIэ щыкlэм и хъыбар ахэр зи лIыкlуэ щыналъэм и къэрал властым и органхэм Iэригъэхьну.

2010-2011 гъэхэм кьриубыдэу Къэрал Думэм и Советыр хэпльэу, япэ еджэгъуэу абы и зэлущlэхэм кьыщагъэльэгъуэ проектхэм я эксперту закон проекту 11-м сыхэпльащ. Комиссэхэм я зэлущlэхэм а проектхэм зэрыщыхэпльам кьрикlуахэм япкъ иткlэ, ар а комиссэхэмрэ комитетхэмрэ яхуэдгъэхьащ ди жэрдэмхэр, зэгъэзэхуэжьныгъэхэр, мыхьауэ къэтлыытэхэр кьыщыдгъэльагъуэ тхыгъэхэр.

Коррупцэм пэщlэтыным хуэунэтlа лэжьакlуэ Федерацэмкlэ Советым щекlуэкlым хиубыдащ ди комиссэм игъэхьэзыра, «Федерацэмкlэ Советым хэтэхэмрэ Къэрал Думэм и депутатхэмрэ я статусым» теухуа федеральнэ законым и 10-нэ статьямрэ «УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ Советым хэтымрэ зэрыгъэбзэщу щыкlэм» теухуа Федеральнэ законым и 7-нэ статьямрэ зэхуэныныгъэхэр хэзылъхьэ федеральнэ законым и проектыр гъэхьэзырыныр. А зэхъуэкlыныгъэхэм кьыщзэрагъэувыкlэ, Федерацэмкlэ Советым хэтымрэ къэрал Думэм и депутатымрэ кьатоихуэ кьахэхъуэ ахъшэм, яIэ мылъкум теухуа хьыбархэр кьатыным и мызакъуэу, я щхьэгъусэхэм, я бынхэм кьахэхъуэ ахъшэм, яIэ мылъкум теухуа псори ятхыну. Ар хуэунэIащ кьэрал кьулыкъ щlэ псоми Урысей Федерацэм и зэхуэдэу я хэхъуэхэр щагъэльагъуэу щыным.

Япэм ди республикэм и Парламентым и пащхьэ сыкъыщыщыпсэльам, сэ кьыхэзгъэщат хабзэгъэув органым и лэ жьакlэр Iуэхугъэ кlуэр зэфlэзыхьныкlэ сэбэп зэрыхьур, сыльэIуат КъБР-м и гъэзэщlакlуэ властым и кьулыкъущlэхэр Федерацэмкlэ Советым щекlуэкlэ парламент едэIуэныгъэхэм, правительствэм и сыхьэтхэм нэхъ жьыджэру хэтыну. Апхуэдэу, республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкlуэхэм я мызакъуэу, Парламентым и комитетхэм я лIыкlуэхэрэ а зэлущlэхэм нэкlуэну яжеслат. Ар сэбэп хьунут гуГуеухьэр щIыналъэхэм я кьару зэгъэзыIуакlэ зэфlэхьныкlэ, щIыналъэхэм я зэхуэку дэль зэпыщlэныгъэхэм гъэбыдэныкlэ. Ильэс дэкlа нэужь, ди жагъуэ зэрыхьунщи, гу лъывэзгъэтэн хуейщ а Iуэхухэмкlэ щIытыкlэм щIагъуэу зэрызимыхьуэжам. Нэхъыбзэрэ сызыIущlэри сызыдэlэпыкъурэ гъэзэщlакlуэ, вагъэтым и лIыкlуэхэращ, н. ж. республикэм и министерствэхэм, ведомствэхэм нагъакlуэхэращ. КъБР-м и Парламентым и комиссэхэм, комитетхэм никlа гуэрхэр Федерацэмкlэ Советым новби зэзэмызэхэщу щыпльагъур. Иджыри зэ гъэмэ арат а Iуэхугъэм зэхъуэкlыныгъэфlэхэр ягъуэтын зэрыхуейм.

(Гъэкlэщlауэ тыдо дзэ).

● Дыгъуасэ

Урысей ныпым и махуэр

Урысей къэралыгъуэм и ныпым и махуэр дыгъуасэ ди къэралым и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щагъэлъэпIащ. Апхуэдэт КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгухэныгъэхэм ядэлэжьэныкlэ и министерствэм къызэригъэпэщауэ ХьэтIохъущокъуэхэ я жыг хадэм щрагъэкIуэкIа зэIущIэри.

Абы кьрихьэлIат жылагъуэ Iуэхуэхэм жыджэру хэт щIалэгъуалэр, жылагъуэ зэгухэныгъэхэм я лIыкlуэхэр, зэралым щекlуэкlIхэр зыфlэIуэху цIыхухэр, ныпым и тхыдэм щыгъуазэ узыщI тхылъымпIэхэр цIыхухэм щыхуагъэщащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ Урысеим и ныпым ильэс 300-м щIигъу тхыдэ гъуэгуанэ къызэрызэпичар. Ар ди къэралым и бэракъыу щытащ 1693 гъэм щыщIэдзауэ 1858 гъэ хъуху, 1883 - 1914 ильэсхэм. Урысейр къэралыгъэ щхьэхуит щыхъуа 1991 гъэм щегъэжьауэ ильэс къэс ныпым и махуэр щыщхьэIум и 22-м ягъэлъапIэ.

Къызэхэсахэм яфlэгъэщlэгъуэнащ ХьэтIохъущокъуэхэ я жыг хадэм дежь щрагъэкIуэкIа викторинэхэр. Абы къыщыхэжаныкIахэм саугъэтхэр иратащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.



Сурэтхэр **ЕЛЪКъАН Артур** *трихащ.*

● КъБР-м щыIэ МВД-м

Шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщ

Къэрал кlуэцI Iуэхуэмкlэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и полковник Васильев Сергей иригъэкlуэкlащ ЩIэныгъэм и махуэм зыщыхуагъэхьэзыр, абы ирихьэлIэ Iуэхугъуэхэр щрагъэкlуэкlыну щыпlэхэм ялажьэ шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным теуха зэIущlэ.

Абы хэтащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ, Уэзыншагъэр зыхьумэныкlэ и министерствэхэм, УФ-м и МЧС-м, ФМС-м я Iуэхущапlэхэу КъБР-м щыIэхэм, нэгъуэщI Iэнатlэхэм я лIыкlуэхэр.

КъаIэта Iуэхугъуэм егъэщIылIа Iэнатlэхэм я унафэщIхэм я къэпсэльэныгъэхэм едэIуэ нэужь, Васильев Сергей гулъытэ щхьэхуэу хуищlу къыхигъэщащ террор, экстремист Iуэхугъуэхэр, нэгъуэщI щIэпlэхьаджагъэхэр егъэджэныгъэ, щэнхабзэ Iэнатlэхэм, щыкlу зэхуэсапlэхэм къыщыщэпыудыным папщlэ Iэмалу щыIэр къагъэсэбэным зэрыхуейр.

Министрым жиIащ школ псори ящыкlэр къэзыгъэщlэ кlопкlэмрэ видео камерэхэмкlэ къызэрызэгъэпэщыпхъэр. КъаIэта Iуэхугъуэхэр зэфIэхьныным мылъку хухахыным теуху Iуэхугъуэ къыхахыльхьахэм зэпльэн папщlэ зы тхьэмахуэ зэхуакум кърриубыдэу КъБР-м и Правительствэм Iэригъэхьэну кьалэн щиIащ республикэм и щыIэ МВД-м Жылагъуэ шынагъуэншагъэр хьумэныкlэ и кудамэм.

«Къэрал кlуэцI Iуэхуэмкlэ Iэнатlэм псом щыхьэкlи зэкуэн ехь, ауэ ди сабийхэм я шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыным Iэнатlэ куэд иригъэзэщlа, абыхэм жэуапыр зыхащIу я кьалэныр я гъэзэщlапlэ», - жиIащ министрым.

Къэрал кlуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущапlэ.

ЗэфIэгъэкlыпхъэхэр щагъэбелджылы

КъБР-м и прокуратурэм федеральнэ шынагъуэншагъэмкlэ, гъэпкъ зэхуэщытыкlэхэмкlэ, экстремизмым пэщlэтыныкlэ законэр зэрагъэзащlэм кlэлъыплъ и къудамэм мы гъэм япэ мазихым зэфIэгъэкlахэр кьащыгъэжаш. Абы теуху зэIущlэр ригъэжкlуэкlащ республикэм и прокурорым и къуэдзэ Лаврешин Юрэ.

ИЛЪЭС ныкъуэм кьриубыдэу къэпщытэныгъэ 595-рэ ирагъэкlуэкlати, 855-рэ хабзэр кьызэпаудауэ кьыщlатащ. Абыхэм япкъ иткlэ, тхыль 300 ятхащ, тхыгъэ 75-рэ сурэхэм ратащ, цIыху 222-м хабзэм уебакъуэ зэрымыхьунур гурагъэIуащ, законым емызэгъ правовой акту 81-рэ кьызэтрагъэувыIащ, цIыху 39-рэ административнэ жэуапым ирашэлIащ, терроризм хьэгъащагъэм ехьэлIа щIэпхъаджагъэ зыкъэжьажьэм я кlэлъаугъуэ зэрыгъэзэщlа Iуэху къыргъэзIэ тын щхьэкlэ, следствиемкlэ Iэнатlэхэм тхыльитlгъэхьащ, нэхьапэкlэ ямытха экстремизм щIэпхъаджагъэу апхуэдизэ кьызэгъэщри, учетым ягъэуващ. КIэльыплъныныгъэхэм кьарикlуахэр нэхьыфlу кьагъэсэбэным, административнэ, дисциплинэ, нэгъуэщI унафэ зэр тращlыхьын, пщlалъэгъэувэ лэжьыгъэм кьыщагъэсэбэным папщlэ, республикэм щыщыIэ щытыкlэр зыхуэдэм, кьэпщытэныгъэ хэмрэ кьжуэтэныгъэхэмрэ кьарикlуам теуху хьыбар 35-рэ властым и органхэмрэ и унафэщI Iэнатlэхэмрэ зэпкърыхуэу ираташ, Абыхэм ящыщу 5-р республикэм и Президентымрэ Правительствэм и Мафэщымрэ я цIэкlэ яткащ.

Зэфlагъэкlахэр я щыIэ хабзэм кьыхагъэщащ бзаджащIэхэм зэрапэщIэтыпхъэм теуху хьыбарегъащIэ Iэмалхэр зэуIуу кьэгъэсэбэным зэрыхуейр. Прокуратурэм абы гулъытэ хэха хуещI, сыту жыпIэмэ, экстремизмым рэ терроризмымрэ я пхыгъэкlакIуэхэм ильэс кьэс а Iуэхум зрагъэзэбгъу.

Зи гугъу тщы зэманым кьриубыдэу цIыхухэм я зэхуэсу, зэIущIэу 100-м щIигъу кьызэрагъэпэщащ. Хабзэм кьыгъэувэжр ныбжьыщIэхэм нэхъ тыншу гурагъэIуэн мурадкlэ, нэхъапэм хуэдэу, я лжьакlуэхэр едкапIэхэм ирагъэбыдыIащ, зэIущlэ 92-рэ шюпакlуэхэм драгъэкlуэкlащ. Мазихым и кlуэцIкlэ къызбарегъащIэ-хэзыгъэгъуазэ тхыгъэу 106-рэ газетхэм кьытрыргъэдзащ, радиокlэ кьатащ, «Интернет»-м щызэбграгъэхащ, телевидеен нэтын 16-м кьызщыIэсыкlащ. Прокуратурэм и унафэщlэр дин Iуэхущапlэхэм, жылагъуэ организацэ зэмылIэужьыгъуэхэм я Iэтащхьэхэм яхуэзащ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIынатlэм щIэпхъаджагъэм щебэныныкlэ гъэтIылъыпIэ зимыIэ Iуэхугъуэхэр щызэпкlрахьа 15-нэ Дунейпсо щIэныгъэ-практикэ конференцым и лэжьыгъэм хэтащ.

«Интернет»-м экстремизм нэщэнхэкlэ кьызыхэщ тхыгъэхэр зэрыщащхьмрэ Iуэхугъуэ зэ хэт къызэрагъэпэщащ. Экстремист хьыбарегъащIэ тхыгъэу кьаIольэтхэм ягъэуха тхыльэ пщыкlуэ судхэм ираташ.

Туристхэм я къэгъэлъэгъэныр щIэныгъэгъуэм зыгуэрхэр иримысондзэжьын папщlэ, Урысеим и Антитеррор юкомитетым, УФ-м и Прокуратурэ нэхъыщlхьэм, КъБР-м и Оперативнэ штабым ящIыгъуу, республикэм и прокуратурэм ди щIынатlэм и щIыпlэ щызэхуэхэм щагъэува КТО хабзэ ткlийр зыхуэдэр иджащ, абы ехьэлIауэ пIалъэкlэ ирагъэкlуэкlI Iуэхугъуэхэр хабзэм къезэгъыу икlи пэжу кьиIытащ, зыхуэфащэ хэзыгъэгъуазэ тхыгъэхэр хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ зыубгъуауэ зэIущlыу ящIащ.

Зэфlэщlэм кьышагъэльэгъуащ япэ мазихым хабзэхъумэкlэм лэжьыгъэ пыухыкlахэр зэуIуу ирагъэкlуэкlами, кьалэнэр кьагъэтIасхъэ зэрымыхьунур, республикэм щытыкlэр идкыри зэрыщыгуфIыкlэ кьыхэжьыу, яхь жэуапльныгъэм хагъэхъуэн зэрыхуейр. Республикэм и прокуратурэм Iуэхуэ зэхъэлIакlэм пщэрыпть хэхахэр ящIащ, гъэтIылъыпIэ имыIэу зэфlэгъэкlыныгъэхэр игъэбелджылащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущапlэ.

● Жыжьэ - гъунэгъу

Лъэужь мыгъущыж

Къущхьэ Роэз и ныбжьыр я уиIэ щIэсыж хабзэщ. Зи ныбжьыр ильэс ищIейм щхьэдэхэ щIыхубыр и закъуэу «Адыгэ псалъэр» зытес ещIанэ кьатым къэсыи папщlэ, щхьэусыгъуэшхуэ иIэн хуейщ. А щхьэусыгъуэм ильэс тхущI хьуауэ кьрехуэжI Роэз. Абы зэреджэр **«къызэрыхъуар зэхамыгъэкlа Iуэхущ» - и дэлъхуи щхьэщIэр дуней зэрехьажа щыкlэрщ.**

Къущхьэ Роэз

Гъащlэ мащlэр кlэ зымыгъуэт гукъеуэщ

Щоджэнщыкlу Алий, КIуащ БетIал, Пушкин Александр, Мандельштам, Гарсиа Лоркэ – а къебжэкI кIыхьым хэтщ Къущхьэ СультIан и цIэр. Зи лъэпкыр къэкIуэну дахэкlэ къэзыгъэгугъэ а цIыху къызэрымыгукlэхэм я гъащlэ гъуэгур нэр зымыгъапIуэ уэздыгъэр зэрагъэуфынкlым хуэдэу, Iэ щIыIэ гуэрым эпичащ. АрщхьэкlI дахэу псэуам и щымыIэныгъэри дахэщ: и гъащlэм хэтъа кушlэр и лъужьми кIыхьэ.

И Iани, хамэм и дежкlэ апхуэдэ цIыхур щIрыIуэу тхыдэм хэтхэм языхэсми, зи Iыхьлым дежкlэ гъащlэ мащlэр кlэ зымыгъуэт гукъеуэщ. Араш Роэз ди редакцэм къыщIэкIуар.

Щlхьэ тхьлъ фемыдджэр?!

- Ди унагъуэр Псыхуабэ щыпсэуу щытащ, - игу кьегъэкlыж Роэз.- СультIани араш кьыщалъхуар. Сэ екэно классым сыщIэсу, ди анэр кьуажэм щыIу ирихьэлIати, ар япэ классым зыщlауэ щытар сэращ. Илъэсибл хьуа кьудейуэ библиотекэм езгъэтхати, абы жэуэрэ тхылъ щыкlуэр къыихьыруэ, сурэтхэм еплъыри иритыжьырт. «Апхуэдэуркъым, СультIан, зэрыщIыпор, кьедгъи итыр сэ кьызжеIэж», - щыжеIэнт, апхуэдэ дыдэу ищIын къыублащ. Ди адэр яхъунщIэн мурадкlэ Псыхуабэ щагъкlауэ щытащ. Арати, Сэрмакъ дыкъэIэпхъуэжащ, ауэ ди анэшыр Малкэ дэсти, СультIан абыхэ ягъакlуэри, етIуанэ класым а кьуажэм щеджауэ щытащ.

СультIан ильэс зыбжанэкlэ Псыхуабэ зэрыщыпсэуам нэхъ гурыIуэгъуэ ещI ар зэхуэдэу адыгэбзэми урысыбзэми хуэпсрыуэу щIыныгтар. Дыщэ медалкlэ куурыт школыр къэзыуха, еджапIэ нэхъыщхьэ зыбжанэ зэзыхъэкIыу Горькэм и цIэр зезыхъэ Литературэ институтыр къэзыуха СультIан тхылъымрэ щIэныгъэмрэ зэрахуэпагъэу, зэрыхуэнэхъуеиншэу щытар и Iудакъэшlэкlэмэ, абы теуха гукъэкIыжьхэмэ, Роэз и псалъэмакъми къахощ:

- Етхуанэ классым щIэсу арат ар тхылъымрэ тхылъымпIэмрэ къаухъуреихьи щыщIадзам. Си нэгу щIэтщ ар жыг лъабжьэм щIэсу, тетрадкэр, нап зэгуэткэр, тхылъхэр Iуащхьэу къыбгъурыпIу. «Фрии щхьэ тщыль фемыджэрэ? - жиIэурэ кьытщыхьэрт. - Феджэ, тхылъым псори итщ, абы псори фигъэщIэнуц».

Талант зиIэм пэжыр кърегъэзэгъыф

А зэманым, дауи, тхакIуми щIэныгъэмэ пщIэ нэхъ яIэт, иджы елытагъ. И Iани, литературэ лIыхьужьхэм зэрелIалIэм хуэдэу, СультIан щIэныгъэм и хъуманIэм псори дригъэхьэныну зэрыхуейр кьапщIэу, абы и къэзыгъэгъэжIэм йолIалIэ. «Фризэтэ рассказыр зытеуухар библиотекэр хъыджэбзщ, еджэнымрэ тхылъымрэ игу зэрыхуэкъабзэм кьыхэкlыу, щIатхэр кьыхуэпещIэу. Ауэ «текIуэр» лъагъуныгъэм и хъытыркlэ еджэнымрэ зэрыщIэ щIалэрщ. Гухэхъуэщ Iэщ гъэхъуныкlмрэ тхылъ еджэнымрэ тхыгъэм зэрыщIэ Iэзагъэм ykIэтыплтыныр:

- «УЗЫНШАГЪЭ» лъэпкъ проектым хэту кьызэIуахащ центрыр. Ар цIыкlуэхэр кlэдрэ псэуным толажьэ, и кlалэм нэхъыщхьэрэ я узыншагъэм гулъытэ нэхъыбэ хуегъэщlыжынырщ, нэхъ зыхуэкъыжу егъэсэнырщ, - жеIэ Iуэхущапlэм и унафэщI **Ирин Ирин**э. - Центрым дэтхэнэ зыри и узыфэм теухуауэ дохутырым щепсэльэхьфынущ, адэкlэ зыбгъэдыхьэну Iэщlагъэлэ Iэхэр кьыщащlэфынырщ, узынщэу псэунымкlэ чэнджэщхэр кьыщратыкlынущ.

Центрым кьыщыпхуэщIынущ уи узыншагъэр зыкlуэдэр, псалъэм папщlэ, уи лъым холестерину хэлъыр зэрыхъур, лы лей птелъ-птемыпIэр кьыщащIыщтэфынущ, апхуэдэу щхьэж и узыншагъэр зэрыригъэфlэкlуэнум теуху программэ щхьэхуи щьхуэзхальхьэфынущ.

Лэжьыгъэшхуэ зэфlагъэкlI центрым и лэжьакlуэхэм. Абыхэм я кьалэнрэ я деж къекlуалIэ дэтхэнэми бгъэдыхьэкlэ щхьэхуэ къыхуагъэуту, ахэр арэзы ящIынщ. Iуэхущапlэм къекlуэлIэхэм я жыг тепщlыкlмэ, узынщэу псэунымкlэ чэнджэщхэр кьыщратыкlынущ.

Центрым кьыщыпхуэщIынущ уи узыншагъэр зыкlуэдэр, псалъэм папщlэ, уи лъым холестерину хэлъыр зэрыхъур, лы лей птелъ-птемыпIэр кьыщащIыщтэфынущ, апхуэдэу щхьэж и узыншагъэр зэрыригъэфlэкlуэнум теуху программэ щхьэхуи щьхуэзхальхьэфынущ.

Лэжьыгъэшхуэ зэфlагъэкI центрым и лэжьакlуэхэм. Абыхэм я кьалэнрэ я деж къекlуалIэ дэтхэнэми бгъэдыхьэкlэ щхьэхуэ къыхуагъэуту, ахэр арэзы ящIынщ. Iуэхущапlэм къекlуэлIэхэм я жыг тепщlыкlмэ, узынщэу псэунымкlэ чэнджэщхэр кьыщратыкlынущ.

Центрым кьыщыпхуэщIынущ уи узыншагъэр зыкlуэдэр, псалъэм папщlэ, Урысеим и Антитеррор юкомитетым, УФ-м и Прокуратурэ нэхъыщlхьэм, КъБР-м и Оперативнэ штабым ящIыгъуу, республикэм и прокуратурэм ди щIынатlэм и щIыпlэ щхьэхуэ къыхуагъэуту, ахэр арэзы ящIынщ. Iуэхущапlэм къекlуэлIэхэм я жыг тепщlыкlмэ, узынщэу псэунымкlэ чэнджэщхэр кьыщратыкlынущ.

Туристхэр кьэгъэлъэгъэныр щIэныгъэгъуэм зыгуэрхэр иримысондзэжьын папщlэ, Урысеим и Антитеррор юкомитетым, УФ-м и Прокуратурэ нэхъыщlхьэм, КъБР-м и Оперативнэ штабым ящIыгъуу, республикэм и прокуратурэм ди щIынатlэм и щIыпlэ щхьэхуэ къыхуагъэуту, ахэр арэзы ящIынщ. Iуэхущапlэм къекlуэлIэхэм я жыг тепщlыкlмэ, узынщэу псэунымкlэ чэнджэщхэр кьыщратыкlынущ.

Абы щыгъуэми, къэтщтащ Федерацэмкlэ Советым хэтэгъэкlуат етхэм, комиссэхэм я зэлущlэм мыкlуэну хуит къэзыщlа щхьэусыгъуэхэр зыхуэдэн хуейхэр. Федерацэмкlэ Советым и Унафэщым хуитныгъэ игъуэтащ Советым хэтэгъэ зэлущlэм кьызэрекlуалIэ щыкlэм и хъыбар ахэр зи лIыкlуэ щыналъэм и къэрал властым и органхэм Iэригъэхьну.

2010-2011 гъэхэм кьриубыдэу Къэрал Думэм и Советыр хэпльэу, япэ еджэгъуэу абы и зэлущlэхэм кьыщагъэльэгъуэ проектхэм я эксперту закон проекту 11-м сыхэпльащ. Комиссэхэм я зэлущlэхэм а проектхэм зэрыщыхэпльам кьрикlуахэм япкъ иткlэ, ар а комиссэхэмрэ комитетхэмрэ яхуэдгъэхьащ ди жэрдэмхэр, зэгъэзэхуэжьныгъэхэр, мыхьауэ къэтлыытэхэр кьыщыдгъэльагъуэ тхыгъэхэр.

Коррупцэм пэщlэтыным хуэунэтlа лэжьакlуэ Федерацэмкlэ Советым щекlуэкlым хиубыдащ ди комиссэм игъэхьэзыра, «Федерацэмкlэ Советым хэтэхэмрэ Къэрал Думэм и депутатхэмрэ я статусым» теухуа федеральнэ законым и 10-нэ статьямрэ «УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ Советым хэтымрэ зэрыгъэбзэщу щыкlэм» теухуа Федеральнэ законым и 7-нэ статьямрэ зэхуэныныгъэхэр хэзылъхьэ федеральнэ законым и проектыр гъэхьэзырыныр. А зэхъуэкlыныгъэхэм кьыщзэрагъэувыкlэ, Федерацэмкlэ Советым хэтымрэ къэрал Думэм и депутатымрэ кьатоихуэ кьахэхъуэ ахъшэм, яIэ мылъкум теуха псори ятхыну. Ар хуэунэIащ кьэрал кьулыкъ щIэ псоми Урысей Федерацэм и зэхуэдэу я хэхъуэхэр щагъэльагъуэу щыным.

Япэм ди республикэм и Парламентым и пащхьэ сыкъыщыщыпсэльам, сэ кьыхэзгъэщат хабзэгъэув органым и лэ жьакlэр Iуэхугъэ кlуэр зэфlэзыхьныкlэ сэбэп зэрыхьур, сыльэIуат КъБР-м и гъэзэщlакlуэ властым и кьулыкъущlэхэр Федерацэмкlэ Советым щекlуэкlэ парламент едэIуэныгъэхэм, правительствэм и сыхьэтхэм нэхъ жьыджэру хэтыну. Апхуэдэу, республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкlуэхэм я мызакъуэу, Парламентым и комитетхэм я лIыкlуэхэрэ а зэлущlэхэм нэкlуэну яжеслат. Ар сэбэп хьунут гуГуеухьэр щIыналъэхэм я кьару зэгъэзыIуакlэ зэфlэхьныкlэ, щIыналъэхэм я зэхуэку дэль зэпыщlэныгъэхэм гъэбыдэныкlэ. Ильэс дэкlа нэужь, ди жагъуэ зэрыхьунщи, гу лъывэзгъэтэн хуейщ а Iуэхухэмкlэ щIытыкlэм щIагъуэу зэрызимыхьуэжам. Нэхъыбзэрэ сызыIущlэри сызыдэlэпыкъурэ гъэзэщlакlуэ, вагъэтым и лIыкlуэхэращ, н. ж. республикэм и министерствэхэм, ведомствэхэм нагъакlуэхэращ. КъБР-м и Парламентым и комиссэхэм, комитетхэм никlа гуэрхэр Федерацэмкlэ Советым новби зэзэмызэхэщу щыпльагъур. Иджыри зэ гъэмэ арат а Iуэхугъэм зэхъуэкlыныгъэфlэхэр ягъуэтын зэрыхуейм.

(Гъэкlэщlауэ тыдо дзэ).

● Узыншагъэ

Зыхуэсакъыжын папщIэ

Илъэситlым нэблэгъауэ Налшык къалэ щолажьэ Узыншагъэм и центрыр. А зэманым къэкlуэжащ а Узыншагъэм и щыIэ къуэдзэ яхуэхъуащ я узыншагъэр зыхуэдэр къыщыIэныкlэ. Ар зэфlагъэувэжыныкlэ.

- «УЗЫНШАГЪЭ» лъэпкъ проектым хэту къызэIуахащ центрыр. Ар цIыкlуэхэр кlэдрэ псэуным толажьэ, и кlалэм нэхъыщхьэрэ я узыншагъэм гулъытэ нэхъыбэ хуегъэщlыжынырщ, нэхъ зыхуэсакъыжу егъэсэнырщ, - жеIэ Iуэхущапlэм и унафэщI **Ирин Ирин**э. - Центрым дэтхэнэ зыри и узыфэм теухуауэ дохутырым щепсэльэхьфынущ, адэкlэ зыбгъэдыхьэну Iэщlагъэлэ Iэхэр кьыщащIэфынырщ, узынщэу псэунымкlэ чэнджэщхэр кьыщратыкlынущ.

Центрым кьыщыпхуэщIынущ уи узыншагъэр зыкlуэдэр, псалъэм папщlэ, уи лъым холестерину хэлъыр зэрыхъур, лы лей птелъ-птемыпIэр кьыщащIыщтэфынущ, апхуэдэу щхьэж и узыншагъэр зэрыригъэфlэкlуэнум теуху программэ щхьэхуи щьхуэзхальхьэфынущ.

Лэжьыгъэшхуэ зэфlагъэкI центрым и лэжьакlуэхэм. Абыхэм я кьалэнрэ я деж къекlуалIэ дэтхэнэми бгъэдыхьэкlэ щхьэхуэ къыхуагъэуту, ахэр арэзы ящIынщ. Iуэхущапlэм къекlуэлIэхэм я жыг тепщlыкlмэ, узынщэу псэунымкlэ чэнджэщхэр кьыщратыкlынущ.

Центрым кьыщыпхуэщIынущ уи узыншагъэр зыкlуэдэр, псалъэм папщlэ, Урысеим и Антитеррор юкомитетым, УФ-м и Прокуратурэ нэхъыщlхьэм, КъБР-м и Оперативнэ штабым ящIыгъуу, республикэм и прокуратурэм ди щIынатlэм и щIыпlэ щхьэхуэ къыхуагъэуту, ахэр арэзы ящIынщ. Iуэхущапlэм къекlуэлIэхэм я жыг тепщlыкlмэ, узынщэу псэунымкlэ чэнджэщхэр кьыщратыкlынущ.

ШАГЪЫР Дианэ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Абхъазым и Лыхъужь

(КІэхъыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

*КЪЭБЭРДЕЙ- Балькъэрми, Абхъазми, Кавказми, и Хэку имысыж ди льэпкъэгъухэми, захуагъэм и тельхьэ дунейпсо цІыхубзэми Сосналы Сультіан ягъ нэхъ кьызэринар Ажны щынальэм, абы щыпсэухэм я хуитыныгъэр зыхьужьа лІыхъужьущ. «Псэм и пэ - напэ» псальэжьыр зи гъуаэзу зауэ мафІэм хьыжьа ди щІалэхэм пщІэрэ щхьэрэ яІэу кьахьа Текіуэныгъэр нобэ Абхъазэ Республикэм игъуэта щхьэхуитыныгъэм и кьежьапІэт. Льэпкъри зы цІыхум хуэдэщ: ар бэлыхьым кьыхэкІыи щхьэкІэ уи Іар хуэпшкІэмэ, уэрэ цІыхуІэ зеІухэну пхуэфащэщ. Нобэ щІалэгъуалэм льагъэу яІыгъ льэпкъ ныпым и пщІэр эыІэтыжар щэхэм пхаудауэ ар Абхъазэ зауэм текіуэныгъэкІэ кьизыхьжа Сосналы Сультіан зи пашэ зауэлІэхэрат.

Бэгъэпщ Сергей: Абы и цІэр ди тхыдэм кьыхолыдыкІ

- Сосналы СультІан Абхъазым и тхыдэщІэм кьыхэлыдыкІ цІыхухэм ящыщ. Ар гушхуэ зыкІуэцІыпІ, узыдэлэжьэнуи узыдэуэршэрынуи гухэхъуэ цІыхущ. Кьэбэрдей-Балькъэрым и ныбжьыкІэ. Абы мыхьэнэшхуэ иІащ Абхъазым и щІалэгъэ зэрыщыту куржы зэрэпхъуакІуэхэм я Іэмыщ1э кьэзыкІар.

Сосналыр зауэм и етІуанэ махуэм щыщІэдзауэ Абхъазым щыІауэ жыпІэ хъунущ. Республикэм и Іыхьэр бийм зэрипхъуакІэт, кьухъэпІэр к ужьку зауэлІэхэм ябгъэт: Сультіан щІалэ щэщІ и гъусэу зэрыс автобусыр Абхъаз гъунапкъэм къэса нэужь, бийхэм кьагъэувэ хьумакІуэ сэлэтхэм уапхыкІыныр дзыхьщІыгъэзэкъэт: Аршэхэм]э псэльэкІэ зыщІэ Сультіан абыхэм я фІэщ ящІащ автобусым исхэр Абхъазым кІуэ делегацэ гуэру. И кІуэцІым кьихьэмэ, псоми Іэщэ зэрэлыгъыр яльагъунут, итІани Сосналым и цІыху декІуэжькІэм и фІыгъэкІэ, ахэр бий гъуиапкъэм зэпрыкІыфащ. Ар кьащыцхъуар щыщхьэІум и 14-м и пщыхьэщхьэрат.

Зауэм кІуа Сультіан Іуэхур зыІутыр нэгъэсауэ и унагъуэм жриІэну хунэсакъым.

Сосналы Любэ, Сультіан и щхьэгъусэм, и гукъэкІыжхэм щыщ:

- А махуэр зыхуэзэр 1992 гъэм щыщхьэІум и 14-р арат, мэремт. ПэжкІэ Іэ нэужькІэ унэм сыкІуэжащ, езыр къэкІуэжатэкъым. Сыхьэтих хьущ - къэкІуэжыркъым, сыхьэтибгъу хьущ - къэкІуэжыркъым, сыхьэтипщІым ежьауэ кьащыщхьэжри занщІэу зихуэпэн щІидзащ.

- Дэнэ, Сультіан, уэдэкІуэр? - сеупщІащ сэ абы. - ЦІыхухъыр пщыхьэщхьэм кьэкІуэжамэ, нэхъ дахэу иІэр щетІагъэ, уэ сыт мы щыпІатІэзэхэр?

- Зыри зэхэпхакъэ? - жиІащ.

Сэ зыгуэрхэр, дауи, зэхэсхат, Абхъазым кьащыхьухэм я хьыбар радиомкІи телевизормкІи ськатат; ауэ и пэкІыпІэр нэгъэсауэ жаІатэ-кьым.

- Коррессым сыкІуэнщи, Іуэхур зыІутыр кьэсщІэнщ, абы щыхуэхэр щысхэхэсакІэщ, - жиІащ.

Абы щыгъуэм ар Конгрессым щыІакІэ, зихуэпэу ежьэжи кьыщыхьэжауэ арат. Жэщыр сыхьэт 12-м нэсауэ - кьэкІуэжыркъым. Нэху щащ - кьэкІуэжыркъым. Зы макъ зэхэсхьыу щхьэгъубжэм сыдоплъ. ЕтІуанэ махуэм зы щІалэщІэ кьэкІуэри Сультіан Краснодар совещанэ кІуащ, сымыгуэзвэну кьызжеІэ.

- Абхъазым зыгуэр кІуа? - соупщІ сэ абы.

ПщІы упсыкІэ зымыщІэ мо щІалэ щыкІэм, дауи, имыбзыщІыфу кьызжеІэ абы ди щІалэхэр зэрыкІуар. Арати, занщІэу жеСІащ:

- СыкъуымыгъапщІэт, СультІани абы кІуаяу аракъэ? Кьэхуа дыдэр кьызжеІэ, ауэ сыгтми зыгуэрхэр зэныкъуэкІуу ара, хьэмэрэ зауэ дыдэ екІуэжрэ?

ШІалэм ищІэнур имыщІэу кьызжьдэхуащ:

- Зауэ екІуэжі си гуГъэщ. Мис апхуэдэу кІуащ, и унагъэмэ, и анэми, и кьуэшми зыри яжримыІуэ. Сэ я хьэлыр сщІыхьыр, абы пэгъунэгъуу зыгуэрым лей кьыгтехьэмэ, дэмыІэпыкъуу хуэщэчынутэкъым. Иджы лъэпкыр гугъу ехьу ильагъумэ, езыри абы кьыщІэсэбэпыфыну кьыифащІмэ, унэм зэрыщІэмысыфынури кьызгурыІуэрт. СщІэрт езым ищІа унафэр зэрримыкъутэжьынри, цІыхухэм защІимыгъакъуэу зэрыхуэзэфІэмыкІынури...

СУЛЬТІАН зауэм щыкІуэм уэдэпсалъэ хъун телефони щыІэтэкъым. МазищкІэ хьыбарыншэу екІуэкІащ. Иужьым, Хэку зауэшхуэм и эманым ещхьу, письмо хэм гъуэгу пхрашащ.

Сосналы СультІан и письмохэм щыщ:

- Дауэ фыщыт! Сэлам гуапэ псоми Сультіан кьывех. КьыСхуэвгъэгъу екІуэр ещхьу сэлам зэрыввэзмыкьыжьифам щхьэкІэ, Ди анэр, Топ сымэ дауэ щыт, фэ сыт фыхуэзэ? Фызыхуэсакъыж. Сэ сыфІщ, сыуэшишэщ...

СОСНАЛЫХЭ я унагъуэр Налшык къалэ щыпсэурт. Ар Кавказ Ищхьэрэм и къалэ нэхъ зыІэужьыжьахэм я щыщщ экономкІэ и льэныкъуэкІи щэнхабзэ и льэныкъуэкІи. Ауэ псом нэхърэ нэхъ льапІэу Налшык кІэлэдэсхэращ: цІыху хахуэхэрэ, гъжьыгъэми хьэщІэми ху эмыщІыхьэхыу, Кавказыр зэрыщІыруэ гумащІагъыр ябгъэдэхэу.

Сультіан и щхьэгъусэ Любэ хьэщІэхэр сытым дежи гуфІэу кьрегъэблагъэ. Ауэ хьэщІэхэр Абхъазым щыщмэ, абы и гуфІэгъуэр мыухыжщ. Любэ Абхъазыр и щхьэгъусэ Сультіан ихуэзабэу фІыцІэ елъагъу. Зауэр екІуэкІыху ар мыхьэмытІэу и лІым и деж кІуэурэ, кьаруу имыІэми, псэкІэ зыщІигъакьуэу щытащ. Зауэ нэужым Абхъазым Іэпхъуэкри, 1996 гъэ пщІондэ абы щыпсэущ. Сультіан Хэкур хьумэнымкІэ министр хьуху. Ешы Любэ и щІэныгъэкІэ экономистщ. Ар Урысей налог Іуэхущіапіэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм щолажьэ. Зэ нэхъ мыхьуми Любэ епсэльам игу къэнэж абы и тепльэри, и псэльэкІэри, и псэм и хуабагъри».

Сосналы СультІан и письмохэм щыщ:

- Дауэ фыщыт! Фи Сультіан сэлам кьывех! Уи письмор кьысІэрыхьащ. Ехэнэ хьэмэ ебланэрэ сыкьоджэж... Уэ зытепсэльыкъ щыхуэхэр псори си нэгум кьыщІохьэ. СигуэкІэ сопсальэ абыхэм, сывдоуэршэр. Сыт си щхьэм теухуауэ нэстхьи? Жэщ-махуэ димыІэу долажьэ, зауэр уеыІэркьым. Адыгэ абхъазэ я лІыгъэр здынэсыр согъэщІагъуэ. Си гуГъэмкІэ льыр кьоушьы...- Бийм, дауи, мылькуи цІыхуи и куэдщ. Ауэ гу кІуэцІыльыкъым...

СОСНАЛЫ СультІан дэзэпщ тепльыджэт, ау з ар абы и ехьулІэныгъэхэм я зыгъэхэ кьудейуэ арат. Адыгэ хэмрэ абхъазхэмрэ я мызакъуэу, льэпкъ зэмылІуэжьыгъуэм кьыхэкІэ кавказ щІалэхэр зыІ! и ныбжь бийм пэщІэзыгъэувэфа лІы губзыгъэм зы щІынатІэм щапІа а щІалэ кьомыр зэгуригъэІуэфащ. Аращ Кавказыр мамыру щытыным абы хищІыхьар машІэу кьэлІытэт щІэмыхъунур.

Абхъазым и премьер-министр, профессор Шамбэ Сергей игу кьегъэкІыж:

- Сосналы СультІан сэ ищІ гъэхэм щегъэжьауэ соцІыху. А зэманым дэ Бгырыс льэпкъэхэм я Конфедерацэм (КНК) жыджэру дыщылажьэрт, Кавказым и льэпкъэхэр быдэу зэкъуэтэн щхьэкІэ лэжьыгъэшхуэ едгъэкІуэкІырт. Сосналы СультІан Конфедерацэм нэхъ щыпашэхэм ящыщт. Ар мамырыгъэр хьумэнымкІэ комитетым и унафэщІт. Абы и кьалэнхэм хихьэрт кавказ льэпкъхэм я зэхуаку кьыдэхьуэ зэгурымыІуэныгъэхэр гъэтэмэмыжьыныр. Абыхэм ящыщт псальэм папщІэ, осетинхэмрэ ингушхэмрэ, абхъазхэмрэ куржыхэмрэ зыгуэр зэрызэпаубыдыр. Сосналым и унафэм щІэт комитетым апхуэдэ Іуэхуэр зэгъэзэжхэныр и кьалэнт. Арат ар иджыри зауэр щІимыдзэ щыкІэ Ардзинбэ и деж кьыщІэкІуам и щхьэусыгъуэр.

Ардзинбэ Павел, зауэ лъэхъэнэм Хэкур хьумэнымкІэ министрым и къуэдзэу щытам игу кьегъэкІыж:

- Сосналыр сэ зауэм ипэкІи сцІыхурт. Ар ди деж кьакІуэу щытащ куржыхэмрэ дэрэ ди зэхущытыкІэр кІуэ пэтми нэхъ Іей хъуэу щыхуежьа лъэхъэнэм щыщІэдзауэ. СультІан Кавказым и Бгырыс льэпкъхэм я Конфедерацэм мамырыгъэр хьумэнымкІэ и комитетым и унафэщІт. Абы ильагъурт дэ ди Іуэхур зауэм зэрыхуэхуІэр. Езыри псэкІэ хуэхьэзыру кьыщІэкІынт зыкьытщІиГъэкъэну Арати, зауэм и япэ махуэхэм, ар кьэкІуащ. Ар кьыщысам ГаГрэ яубыдакІэт. Дэ Гудаутэ э щтэб кьыщызэдгъэпэщат, ауэ Сосналыр кьэкІуа нэужь, гуРыуэгъуэ хьуат иджы Іуэхур хэзыщыкІым и Іэмыщ1э зэрихуар. Абы епха дэ кьомыр - Айбэ Валерий, Хагбэ Валерий, Смыр Виталий, Балащкэр, сэ - псоми диІэр нэгъуэщІ Іэщ1агъэт.

Сэ кьызэхэлъэкІ СультІан сытепсэлъыхьыну. Ар егъэлеяуэ цІыху щыпкъэ, бэшэчт икІи зэпІэзэрытт, хьэл зэтеубыда иІэу. Абы и щэнымрэ и Іэзагъымрэ куэд елыытат ди зауэм и кІуэцІкІэ.

ЖьантІэр зэи нэщІ хьуркъым жаІэ щхьэкІэ, Сосналыр димыІамэ, сэ кьысхуэзыфІэгъэщыркъым абы и пІэ зыгуэр нуэрфыну щытауэ. Ар апхуэдизкІэ ди гъащІэм екІуу хэзэгъатэ, дэ кьыддалъхуауэ, мыбы щыпсэуауэ фІэкІа пщІэнтэкъым. СультІан сабийхэри, балигъхэри, ныбжь зиІэ зэри кьыпурыІу эрт, псори иГу тригъах уэрт. Ар хьэл бэлыхьщ цІыхум хэпыну. Дакъикьитху-пщы кьыдзэурэшэра цІыхур абы бгъэдэкІыжьфырт зэкІыным, хабзэ хъльмкІэ, зэпсальэм пщІэ зэрыхуиущымкІэ, и гу кьабзагъымкІэ апхуэдизу кьыдихьхьырти. Ар егъэлеяуэ гъэсэныгъэ дахэ зыхэль цІыхут - пщы льэпкъым зэрыщыщыр наІут. ШІэныгъэщхэ зэрыбгъэдэльри, гушхуэ зэрыкІуэцІыльри пльагъурт. Ар гъаІэ тыншым ельэпэуащ ди хьэтыркІэ.

Сыт къэмыхьуами, ар зы хьэпым тету, зэпІэзэрыту кьанэрт. СощІэж, зэгурым хъыбар кьэІуащ бийм и танкхэр Гудаутэ и Хьэ хьэблэм деж щыту. ТелефонымкІэ кьэпсальэр апхуэдизкІэ кІийрт, зыми и зэгъэувыІэртэкъыми, телефон трубкэр Сосналым кьыхуащиящ. Ар зыкьомрэ едаІуэри, унафэ зыщІэль макъыкІэ пхъашэу жиІащ: «Гъбэзэят уи жьэр, хьэгъапхъэ. УмыувыІэмэ, зэшэзэпІэ усщІыни! Сыт кьэхуауэ мыпхуэдизу ущІэкІийр?!» Аратти, модреймэ зыкьищІэжри увыІэжащ. СультІан зыри жимыІэу зыкьыгъасэри: «ЦІыху дгъэкІуэнщи дгъэплъэнщ, хэт ищІэрэ, зыгуэркІэ пэжу кьыщІэкІмэ» жиІэри. ДгъаІэкІуэри, зыри кьэмыхьуауэ, псори мамыру кьыщІэкІащ. Псалъэ куэд жызымыІэ Сосналым цІыху гумэкІэжэ щытыбым кьыщыкІуэхэм деж апхуэдэу хуэгъэувыІэжырт

Псом нэхърэ нэхъ хьэлъэр 1992 гъэм и щыщхьэІурат. Іуэхур апхуэдизкІэ щынагъуэтри, Дзэпщ Нэхьыщхьэм и кьэбалъэнэ ди фронтым кьыІуащат. Абдежи СультІан ямылейуэ зимыщІу зэпІэзэрытт Іуэхур зэрымытыншыр кьызэрыгурыІуэр пльагъу у, кьызжиІащ: «Зы шэ илъу кІэрахьуэ кьысхуэзгъуэт. ЩІэ нэзгъэ кьэмысІэуэ зыдуКІыж хъунукъым, СультІан», - естащ сэ абы жэуап.

«Пэжщ, ауэ зы шэ си щхьэм щхьэкІэ сытым дежи сиІэн хуейщ», - жиІащ абы. Абы сытым дежи езым и кІэрахьуэ автомати иІыгъэ. Псори гъэжькъыгурыІуэрт икІи бийм псэууэ зримыгъыным хуэхьэзырт.

СощІэж зэгуэрым дыкьикІуэтын хуей хьуауэ, штабым лІыжьхэр кьыІэрыкІуар. Абыхэм жаІащ: «Дэ минэжр зэрыпІ губгъуэм фяпэ дигу дрикІуэнщ». А лІыгъэ зыхэлъ дадэхэм СультІан гупсэхуу едаІуэри яжриІащ: «Дэ тхуэзфІэкІыху фэ ар фэдгъэщІэнкъым. Ауэ зэрыжьыфІам щхьэкІэ, Тхэр арэзы кьыфхухьэ у. Ар фигу кьызэрыкІам кьегъэлъагъуэ фэ мы зауэм фызэрыщытекІуэнур».

Зауэр екІуэкІыху штабым дыщыжеящ. СультІан сытым дежи ди гъуэт. Гагрэр х уит хьужьыху зэ зытІпІэщу пІэ кІуэщ дигъуэлъхьакъым, ар икІи диІэтэкъым. Зэм щэнтэхэм дытелъу дыжейрт. Дэ дищ, ди жьэг у, щхьэж ди унагъуэ тхъумэжу арат ди кьалэнт апхуэдэу дыщытыну. СультІани дищ, ди жьэгу, ди унагъуэр ягъ нэ хуихьу мэу арат, ар хуитт апхуэдэу щымытыну, ауэ абы лІыгъэрэ хахуагъэрэ хэльу кьымыкІуэтын хуэзфІэкІащ.

Си фІэщ хъуркъым зэрыабхъаз лъэпкъыу телефонкІэ кьэмыпсэлъауэ

«Илъэс 66-рэ фІэкІа мыхьуу Сосналыр дунейм зэрехьэкар абхъаз цыхуэ зыгъэ кьеуащ,- игу кьегъэкІыж Бебиа Екатеринэ. - Абы ирипсэлІэу Абхъаз телевиденэмкІэ кьатыжат Сосналым теухуауэ тесхауэ щыта «Кьалэн, нэмыс, напэ» зи цІэ си нэтыныр. ЦІыхухэр Сосналым кьэпсальэурэ кьыхсхуэгъазэзэрт, ар дунеим зэрехьажар ягу кьыІэреуэр жаІэрт, фІыщІэ кьыхсхуащІырт нэтыныр иджыри псэууэ зэрытетхам, СультІан яльагъуну, яцІыхуну Іэмал зэрариТам щхьэкІэ. Иджыри зэ кьатъэльэгъуэжьну лъаІуэхэрт. Абхъазым щыщ куэд Сосналыхэ псальэурэ яхуэгъуазэрт. ЦІыху к куэд дыдэ хьэзырт Къэбэрдейм кІуэуэ иужьрей сэламыр я ныбжьэгъум ирахьшыну. Правительствэм кьыбгъэдэкІ гупышхуэ, Президент Бэгъэпщ Сергей я пашэу Кьэбэрдей-Балъкъэрым кІуауэ щытащ.

Иужьк1э Сосналы Любэ кьызжиІэжащ:

- СультІан уэ щынагъуэ кьызэпкъэгъэхьэкІр кьызэрыс щІэу, Президент Бэгъэпщ Сергей дежь сыпсэльащ. Дакьикьэ тІощ нэхъ дэмыкІыу, кьэпсэльэжащ ар. Абы икІэщІ пІэкІэ Москва дыкьыІэну абы сымаджэщ нэхъыбІ дыдэу щыІэ ныбжьыкъэ кьызэрыщыттэпльэр кьыджащ. Апхуэдэ дыдэуи щытт. Псори кьыдэжьэрт, сытри кьытхуащІэрт, зэрыщытыфыну м и нэхъыбІу Іуэхур кьызэрагъэпэщырт. Ауэ дызэрыщымыгугъуу гумэкІэжэ щытыбым кьыщыкІуэхэм деж апхуэдэу хуэгъэувыІэжырт

Псом нэхърэ нэхъ хьэлъэр 1992 гъэм и щыщхьэІурат. Іуэхур апхуэдизкІэ щынагъуэти, Дзэпщ Нэхьыщхьэм и кьэбалъэнэ ди фронтым кьыІуащат. Абдежи СультІан ямылейуэ зимыщІу зэпІэзэрытт, псальэм и нэпсыр зэриубыдыр зыхэсщІэрт. Апхуэдэу махуэ кьэс, сыхьэт кьэс екІуэжІащ СультІан и хьэдэр Москва кьрашыжу республикэм кьашэжьхьэ у. Хэкум дыкьэсыжа нэужь, адыгэхэм я гъусэу абхъазхэри кьыгтпэплъэрт. Я нэІум щІэ лъгуаузмкІэ кьэсцІыхужьыр абхъаз кьуэшхэр. А псори ди гу зэрэгъуэр зыгуэркІ кьытщагъэпсынщІэну хэтт Абы щыгъуэм иджыри зэ наІуэ сщыхъуащ абхъаз лъэпкъым и генералым кьыхуаІэ льагъуныгъэм и куугъыр.

Абхъазым и япэ президент Ардзинбэ Владислав унагъуэм кьызэрыхуэгъуэзэ тхыгъэм щыжІащ: «Сосналы генералыр игъащІэкІи дигу илъынущ лІыгъэм, щыпкъагъэм, захуагъэм я дамыгъэу. Абы тхыдэм щымыкІуэдыжьи захъэзныгъэшхуэ ди лъэпкъым кьыхуащІащ, Абхъазым и Дзэр кьызэгъэпэща хуэп папщІэ, льэкІ кьигъэнакъым. Дигу кьоуэ ар нобэ дызэримыгъусэжьыр. Псори фи гъусэу дощыгъуэ».

ЦІыхущ, цІыхубзэ унафэщІ, гупсысакІуэ Сосналы СультІан цІыху щэджащэ, совет нэужьым кьэунэхуа тхыдэм зэкъуэшынигъэм, ильэс куэдкІэ зэкъуэхуауэ щыта кавказ льэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр кьыхэфІуэрэжьыным хэпльэхэнызэхуэгъэ хуитщІауэ. Абхъаз льэпкъым ЗЭИ щІэгупщэнукъым Сосналы генералыр зэрагъэунэхуа зауэ Іэнатіэм хуиІэ Іэзагъымрэ езым дальэтІуа кьаБзагъымрэ. Сыщогугъ тхыдэщхьэм ЗЭГУЗР зэман кьахуихуэну а цІыху тельыджэм хуэфэщэн гульытэ ирату и лІыхъужьыгъэм нэгъэса пщІэ хуащІыну».

ФІыщІэ псальэр зэи кІыхьыІуэ хъуркъым

*НапэкІуэцІ тхущІ фІэкІа мыхьуми, Бебиа Екатеринэ и тхыгъэр гумэ зэрэ кьабгъэдэкІыу зэрытхар нэрылъагъущ. Тхыгъэхэм я мызакъуэу, абы нэмащ иджыри кьэс кІуэдым ямылъэгъуа, Сосналы СультІан и суРэт щІэщыгъуэ куэд. Генералым ихьуреягъкІэ хьышекІуэкІэ гъащІэр дакьикъэ зырыз зэхуахьэсхьыну тхыдэджхэм къахуигъанэри, тхакІуэм хуэзфІэкІащ а лІы захуэмрэ абы и жьауэм щІэту Абхъазым и хуитныгъэм щІэзэуахэмрэ и зэкъуэгъуэхэм кьыхуащІ пщІэ мыухыжьыр сатыр кьэс щІагъыбзэу щІигъэувэну. ФІыщІэ псальэр зэи кІыхьыІуэ хъуркъым жаІэ. Адыгэхэм я фІыщІэр абхъазхэм зэрамылъэжІыгъэм ещхьу, дэрэ ди гуапэщ ди лІыхъужьмкІэ я гъужь махуэр щапхъэу утыкум ильыну. Бебиа и тхыльыр абхъаз кьалэжьа щытхъуи и зы Іыхьэ машІэу арами, абы мамырыгъэм и уасэр щІэрыщІэу диту кьигъэкІужащ. Кавказэхэм я лъэпкъхэр я зэкъуэгъэшІагъэм и дамыгъэ Іупщі, адыгэм и тхыдэщІэм лъабжьэ быдэ хуэжьуэ Сосналы СультІан хуэдэ адыгэлІхэм я гъащІэр, хьыбар кьудей мыхьу, тхыдэр зэрудж тхылъхэм итынымк и пэзэр кьызэрысари наІуэ къэхъуащ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар
ЖЭМЫХЪУЭ Марьянэщ.

Сосналы льэпкъым я сурэтыжь. Япэ сатырым и кум щысыр СультІан и адэ Пщымахуэщ.

Сосналыхэ я льэпкъ дамыгъэ.

СультІан и адэ Аслъэмбэч.

Сосналы СультІан Сызрань дэт кьухьлъатэзэхуэхэр щагъэхьэзыр еджапІэм щыщІэсым. *1960 гъэ*

Абхъазым и лІыхъужь, генерал-лейтенант Сосналы СультІан Апсны хэкум и тхьэмадэ Ардзинбэ Владислав и хьэщІэщ. *1993 гъэ*

СультІан и куэ Мурат 2009 гъэм дунейм ехьжащ.

Сосналы СультІан Абхъазым и Хэку зауэшхуэм и эманым Гудаут э щекІуэкІа пэкІум кьыщопсальэ. *1993 гъэ*

Сосналы СультІан Сыхьум дэт Зауэлі Хахуэхэм я паркым кьыщопсальэ. *2005 гъэ*

СультІан и щхьэгъусэ Любэ. *2006 гъэ*

Сосналыхэ СультІанрэ Анатолэрэ я анэ Дыщэ я гъусэу. *1982 гъэ*

Сосналы СультІан ильэс 65-рэ щрикъу махуэр Сыхьум щагъэльапІэ. *2007 гъэ*

●Футбол

«Спартак-Налшыкыр» зэІущІэм хуэхьзырщ.

И щІыбыр гъуэм хуэгъэзами, гъуащхьэхъуэмэ егъэгулэз.

Мы гъэм Налшык зэи щытемыкІуэну ара?

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Спартак» (Мэскуу) - 1:1 (1:0). ЩыщхьэІум и 21-м. Налшык. «Спартак» стадион. Щыхъу 11 000 еплъащ.

Судьяхэр Казьменко (Дон Іус Ростов), Богач (Любэрцы), Кудрявцев (Санкт-Петербург).

«Спартак-Налшык»: Фредриксон, Джудович, Багаев, Овсиенко, Аравин, Гриднев, Рухайа (Пеандрэ, 59), Концедалов, Сирадзе (Захирович, 65), Пилипчук (Сигурдссон, 77), ГъуэщокІуэ.

«Спартак»: Дикань, Комбаров Кирилл (Паршивлюк, 46), Макеев, Парехэ, Родригес, Зотов, де Зеув (Шешуков, 55), Ари, Комбаров Дмитрий, Дзюбэ, Эменике.

Топхэр дагъэхІащ ГъуэщокІуэм, 26 (1:0). Дзюбэ, 53 (1:1).

Дагъуэ хуащІащ Паршивлюк, Гриднеевым, Эменике.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм зэрыхэт 2006 гъэ лъандэрэ «Спартак-Налшыкыр» зэи зытемыкІуэфа командэхэм ящыщ зыщ Мэскуу и «Спартак»-р. Ди щІалэхэр илъэс къэси ерыщу хущІокІу ар хагъэщІэну, арщхьэкІэ Іуэхум къикІ щыІэхьым. Абы кьыхэкІыу вэсэпшых Налшык и стадионым щызэхэуэса щІыхъуэпсыр 1 мис иджы фІыуэ ялъагъу командэм ищхьэрэ «Спартак»-р хигъэщІэну. КьищынэмыщІауэ, и чэзу хъуат налшыкдэсхэр ди кьалащхьэм щытекІуэну. Сыти жыІи, мы гъэм екІуэкІ зэхьэзэхуэм ахуэдэ дэрэжьгъуэ кьыдэщІхэм прогнозхэм (ди «Спартак» стадионыр зэхьэзэхуэм зэрыхуэмыльхьэзырым кьыхэкІыу, ятп джэгугъуэрэ Шэщэным и кьалащхьэм «Крылья Советов»-м щыдригъэкІуэкІащ), етІуанэм Самарэ, ещанэм Томск я хьэрхуэрэгъуэм щефІэкІащ. Арати, псори гъэпсынкІ зи гугъу тщІа хабзэ мыхъумыщІтІыр кьыхэпыуда ЫкІи.

Абы хуэфэщэну «Спартак-Налшыкым» зэІущІэм кьыщІидзащ. Ди щІалэхэр псынщІагъкІи ерыщагъкІи мэзкуудэсхэм ефІэкІырт, арщхьэкІэ, «Спартак»-м и Іэзэгъыр зэрынэхъ лъагэр Іупщт. Ар наІуэ дыдэ къэхъуащ епщыкІуэтхуанэ дакьикъэм. Налшыкдэсхэм я ебгъэрыкІуэныгъэхэр Іэзэу зыгъэупщІыІу хьэщІэхэр езыхэр напІэзыпІэм ипэкІэ кІуэтащ икІи Родригес бжьыгъэр кьыхэзІуихьным зымащІэщ ихэкар. Дакьикъэ зыбжанэ дэкІри, нэгъабэ Налшык щыІэу топитІ кьытхудэзыгъэкІа Ари кьыхита топыр Эменике ди гъуэм игъакІуэ пэтащ.

ХьэщІэхэр кьаэзэрытегуплІар зыхэзыщІа «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм я кьарур зэщІагъэуІуэжи, ебгъэрыкІуэныгъэ лъэщ кьызэрагъэпэщащ. Абы хэту Рухайа Гуджэ Іэзэу кьыхита топыр ГъуэщокІуэ Арсен Мэскуу и «Спартак»-м и гъуэм и пІанэпэ дыдэм щхьэкІэ диГъэкІащ!

«Спартак-Налшыкым» кьищынэмыщІауэ езы гъуащхьауэ щІалэщІэм и дежкІи а топым мыхьэнэщхуэ дыдэ иІэт, сыту жыпІэмэ Томск щыІэу джэгугъуэ кІуам тІэунейрэ гъуэ нэщІым топыр зэрыдимыгъэкІыфам Арсен и лъэр щІигъэхуну гурыщхьуэ унгъэщІырт. Иджы кьызэрыхьэ жанынІам нэхъри игъэгушхуа Гъуэщокъуэр адэкІэ убыдыгъуейт икІи мы зэІущІэм и футболист нэхьыфІу иужькІэ кьалъытащ. Дакьикъэ зыбжанэ дэкІаеу арат и щыбыр хуэгъэзауэ ар зэуа топыр гъуэм щыдэкІ пэтам.

Ди щІалэхэм я ебгъэрыкІуэныгъэкІэ джэгум и апэ Іыхьэр нухащ. АдэкІэ текІуэныгъэр кьызэрахь бжьыгъэр яхъумэн, яхуэзэфэкІмэ ар ягъэбгъуэн хуеІуэ арат.

АрщхьэкІэ загъэпсэхуэ кьихьэжа иужькІэ Мэзкуу и «Спартак»-м тепщэныгъэр занщІэу иубыдащ икІи 53-нэ дакьикъэм Дзюбэ щхьэкІэ бжьыгъэр зэхуэдэ ищІыжащ. Мыбдежым къэгъэльэгъуэапхъэщ зэІущІэ зыбжанэ хъуауэ абы ещхь топхэр кьызэрытхудагъэкІыр икІи метритІым нэблагъэ зи гъагагъ Джудович апхуэдэ щытыкІэхэр щІызэфІимызыфыр гурыІуэгъуэкъым. Ди хьэрхуэрэгъуэмэ абы гу гъатауэ а щІыпІэм и дежи топхэр кьыщытхудагъэкІ.

Бжьыгъэр зэхуэдэ хьужа иужькІэ лъэныкъуэхэр нэхъ сабырыжащ. ГурыІуэгъуэр абыхэм яІэщІэть очко зыбрызыр яхъумэмэ нэхъ кьызэращтэр. Сыти жыІи, мэзкуудэсхэр апхуэдизу лъэщтэкъым хэгъэрейхэр хагъэщІэну, ди щІалэхэми адэкІэ зэрырагъэпэщащ. Абы хэту Рухайа Гуджэ Іэзэу кьыхита топыр Гъуэщокъуэ Арсен Мэзкуу и «Спартак»-м и гъуэм и пІанэпэ дыдэм щхьэкІэ диГъэкІащ!

«Спартак-Налшыкым» кьищынэмыщІауэ езы гъуащхьауэ щІалэщІэм и дежкІи а топым мыхьэнэщхуэ дыдэ иІэт, сыту жыпІэмэ Томск щыІэу джэгугъуэ кІуам тІэунейрэ гъуэ нэщІым топыр зэрыдимыгъэкІыфам Арсен и лъэр щІигъэхуну гурыщхьуэ унгъэщІырт. Иджы кьызэрыхьэ жанынІам нэхъри игъэгушхуа Гъуэщокъуэр адэкІэ убыдыгъуейт икІи мы зэІущІэм и футболист нэхьыфІу иужькІэ кьалъытащ. Дакьикъэ зыбжанэ дэкІаеу Іэзэгъыр зэрылъагэр икІи куэдкІэ ущыгугъ зэрыхьуар наІуэ кьыщІущІыфащ. Фэбжь ягъуэтауэ щытауэ иджы зи узыншагъэр зэфІэувэж Быр хьэм Кьантемыррэ Иованович Миланрэ абыхэм кьахьыхьажмэ, «Спартак-Налшыкым» и Іуэхуэгъэ ефІэкІуэжыну фэ тетщ. ЗэкІэ ар абы ерыщу хущІокъу икІи иджыпстукІэ кьехъхуІэри мащІэкъым.

Премьер-лигэм щІэбтымрэ тхьэмахуэмрэ щекІуэкІа зи чэзу тІощІрэ езанэ джэгугъуэм кьрикІуа дежьи бжьыгъэхэм я гугъу пщымэ, кьыхэгъэщыпхъэщ хуабжьу зызыгъэпъэщ Мэхъэчкьалэ и «Анжи»-м иужьрей зэІущІэхэм екІуу зыкъэзыгъэхагъэ Іащ. Дэ апхуэдэ зы Іэмали диІакъым. ЕтІуанэ ІыхьэращІ топ дэдгъэкІыфыну кьыщІдэхъулІар. Махуэку кІуам «Легие»-м Варшавэ дызэрыщІадэджэгуам ди кьарур щІихауэ кьыщІэкІынущ.

- Тхьэмахуэ дэкІмэ �цСКА-м фызэрыдэджэгунури зыщыбгъэгъупщауэ кьыщІэкІынукъым.

- Хьэуэ, дызэгупсысари ди кьару псор зыхэтлъхьари нобэрей зэІущІэращ.

- Де Зеув щІэпхъуэжар сыт?

- Ар иджыри хьэзыркъым джэгур иухыхукІэ и кьару псори хилъхьэну.

- Налшыкдэсхэм я дежкІэ мыхьэнэщхуэ иІэт премьер-лигэм зэи щыхамыгъэщІа «Спартак»-м текІуэну икІи аэрэ кьызэрамыкІуэтынур гуры. Іуэгъуэт? Абы теухуауэ фи щІалэхэм фепсэльат?

- Джэгур тынш зэрымыхъунур быдэу япхыдгъэкІат.

ТАШУ Сергей,
«Спартак-Налшыкым» и тренер иэхьщІэ:

КъимыкІуэтыну яжесІа пэтми...



- ЗэІущІэм и япэ Іыхьэр куэдкІэ нэхъыфІу кьыдэхъулІащ, - жиІащ Ташу Сергей. - Зэрыдубзыхуам тету быдэжгуащ, топ дэдгъэкІынуи тхуэзэфІэкІащ. Дэгъуэу кьыдэхъулІат ГъэщокъуэмрэЗ Сирадзерэ зыхэта ебгъэрыкІуэныгъэри. АрщхьэкІэ, япэ дица иужькІэ, мащІэу дыкъикІуэтыжащ икІи ди хьэрхуэрэгъуэм ар кьиутхэсэбэтащ. КъимыкІуэтыну яжесІа пэтми, щІалэхэм сызэхахакъым. Дауэ щытми, кІэух бжьыгъэр тэмэмщ.

- Загъэпсэхуу кьихьэжа иужькІэ, джэгупІэ губгъуэм и кум ди щІалэхэр кьызэрыщикІуэтар нэрылъагъут. Сыт ар кьызыхэкІар?

- ЩІалэхэр иджыри нэсу зэрызэгурымыІуэрщ.

- Сигурдссон кьыфхьыхьа хъудейуэ аращ, ауэ абы щхьэкІэ къэмынэу, нобэ бгъэджэгуащ. Ар Іэмалыщагъэм кьыхэкІа?

- Ди хьэрхуэрэгъуэхэм къарагъэхьа футболистыщІэхэр кьиттемыгушхуэщэн папщІэ яхуэфэщэн жэуапу Сигурдссон кьидгъэхьауэ аращ.

- Нобэ къэфхьа очкомкІэ фыаэрэзы?

- ДызэрытемыкІуэфам арэзы дыкъищІыркъым.

КЪЭХЪУН Бэч.

ЗэІущІэ нэужьым

КАРПИН Валерэ,
«Спартак»-м и тренер иэхьщІэ:

Джэгур тынш зэрымыхъунур быдэу япхыдгъэкІат

- ОчкоитІ зэрыгфІэкІуэдар жагъуэ тщыхъуащ, - щыжиІащ пресс-конференцым хьэщІэхэм я тренер иэхьщІхьэм. - Джэгум и япэ Іыхьэм хэгъэрейхэм ІэмалитІ кьахукъуэкІати, зы топ кьытхудагъэкІащ. Дэ апхуэдэ зы Іэмали диІакъым. ЕтІуанэ Іыхьэращ топ дэдгъэкІыфыну кьыщідэхъулІар. Махуэку кІуам «Легие»-м Варшавэ дызэрыщІадэджэгуам ди кьарур щІихауэ кьыщІэкІынущ.

- Тхьэмахуэ дэкІмэ ЦСКА-м фызэрыдэджэгунури зыщыбгъэгъупщауэ кьыщІэкІынукъым.

- Хьэуэ, дызэгупсысари ди кьару псор зыхэтлъхьари нобэрей зэІущІэращ.

- Де Зеув щІэпхъуэжар сыт?

- Ар иджыри хьэзыркъым джэгур иухыхукІэ и кьару псори хилъхьэну.

- Налшыкдэсхэм я дежкІэ мыхьэнэщхуэ иІэт премьер-лигэм зэи щыхамыгъэщІа «Спартак»-м текІуэну икІи аэрэ кьызэрамыкІуэтынур гуры. Іуэгъуэт? Абы теухуауэ фи щІалэхэм фепсэльат?

- Джэгур тынш зэрымыхъунур быдэу япхыдгъэкІат.

ТАШУ Сергей,
«Спартак-Налшыкым» и тренер иэхьщІэ:

КъимыкІуэтыну яжесІа пэтми...

- ЗэІущІэм и япэ Іыхьэр куэдкІэ нэхъыфІу кьыдэхъулІащ, - жиІащ Ташу Сергей. - Зэрыдубзыхуам тету быдэжгуащ, топ дэдгъэкІынуи тхуэзэфІэкІащ. Дэгъуэу кьыдэхъулІат ГъэщокъуэмрэЗ Сирадзерэ зыхэта ебгъэрыкІуэныгъэри. АрщхьэкІэ, япэ дица иужькІэ, мащІэу дыкъикІуэтыжащ икІи ди хьэрхуэрэгъуэм ар кьиутхэсэбэтащ. КъимыкІуэтыну яжесІа пэтми, щІалэхэм сызэхахакъым. Дауэ щытми, кІэух бжьыгъэр тэмэмщ.

- Загъэпсэхуу кьихьэжа иужькІэ, джэгупІэ губгъуэм и кум ди щІалэхэр кьызэрыщикІуэтар нэрылъагъут. Сыт ар кьызыхэкІар?

- ЩІалэхэр иджыри нэсу зэрызэгурымыІуэрщ.

- Сигурдссон кьыфхьыхьа хъудейуэ аращ, ауэ абы щхьэкІэ къэмынэу, нобэ бгъэджэгуащ. Ар Іэмалыщагъэм кьыхэкІа?

- Ди хьэрхуэрэгъуэхэм къарагъэхьа футболистыщІэхэр кьиттемыгушхуэщэн папщІэ яхуэфэщэн жэуапу Сигурдссон кьидгъэхьауэ аращ.

- Нобэ къэфхьа очкомкІэ фыаэрэзы?

- ДызэрытемыкІуэфам арэзы дыкъищІыркъым.

КЪЭХЪУН Бэч.

ЕтІуанэу къыхагъащІэ

ЩІалэгъуалэ зэпеуэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Спартак» (Мэскуу) - 0:4 (0:2). ЩыщхьэІум и 20-м. Прохладнэ. «Центральнэ» стадион. Щыхъу 1500-рэ еплъащ.

Судьяр Сошенкэ (Воронеж).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Милич (Хьэгъэбанэ, 46), Голич (Щэуэ Алихьан, 46), Фомин (Щэуэ Іэмыкъан, 59), Къумыкъу (Тебэрдиев, 81), Мырзэ (Мэкъауэ, 81), Ковальский, Егъэн, Чочуев (Собэлр, 81), Сочэ, Митришев.

«Спартак»: Чернышук, Кудряшов (Хомухэ, 46), Брызгалов (Самсонов, 68), Рохэ (Кутин, 46), Ходыревым, Савичев, Валикаев, Махмудов (Озобич, 46), Киреев (Алышин, 60. Леонтьев, 78), Каюмов, Федчук.

Топэр дагъэкІащ Федчук, 13 (0:1). Киреевым, 43 (0:2), Озобич, 50 (0:3). Каюмовым, 76 (0:4).

Дагъуэ хуащІащ Махмудовым.

НЭХЪАПЭМ щэнейрэ зэкІэлъхьэжьу текІуа «Спартак-Налшыкым» и щІалэгъуалэ гупыр иджы етІуанэу кьыхагъащІэ. Хуабжьу гущІыхьэ хъуащ абыхэм щэбэт кІуам Прохладнэм кьащІыщІащ.

Мэзкуу кьикІа я хьэрхуэрэгъуэм ди щІалэщІэхэм зыри пагъэувыфакъым икІи джэгугъуэ Іыхьэ кьэс топ тІуры кьыщыхудагъэкІри, хьэщІэхэр 4:0-у кьатекІуащ. Ар ди щІалэщІэхэм я дежкІэ удыныщхуэщ, ауэ хуэфэщэн дерс кьыхахыну дыщыгъэщІ. ЗэкІэ аэрэ епщыкІуэнэ уевыпІэм щытщ.

Щыгъуазэ фыхуэтщынщ адрей командэхэм я зэІущІэхэм кьарикІуа бжьыгъэхэм: **«Амкар» - «Рубин» - 2:3, ЦСКА - «Томь» - 1:1, «Крылья Советов» - «Зенит» - 2:2, «Тэр ч» - «Ростов» - 0:2, «Локомотив» - «Краснодар» - 4:0, «Кубань» - «Волга» - 1:3, «Анжи» - «Динамо» - 0:2.**

МЭЗКУУ Кьанщобий.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм зэхьэзэхуэр зэрыщІекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	К.	З.	Фі.	Т.	О.
1. ЦСКА	21	13	6	2	40-15	45
2. «Зенит»	21	12	7	2	36-15	43
3. «Динамо»	21	11	5	5	37-25	38
4. «Анжи»	21	10	6	5	24-18	36
5. «Спартак»	21	9	5	6	28-23	35
6. «Рубин»	21	9	8	4	27-18	35
7. «Кубань»	21	9	4	7	29-20	34
8. «Локомотив»	21	9	6	6	32-22	33
9. «Краснодар»	21	6	8	7	24-27	26
10. Тэрч»	21	6	6	10	19-29	23
11. «Амкар»	21	5	7	9	15-28	22
12. «Томь»	21	4	7	10	18-35	19
13. «Волга»	21	5	2	14	17-29	17
14. «Ростов»	21	4	5	12	22-36	17
15. «Спартак-Налшык»	21	3	8	10	18-27	17
16. «Крылья Советов»	21	3	7	11	14-33	16

Джэгум и футболист нэхьыфІ Гъуэщокъуэ Арсен (№9) Аргентинэм и командэ кьыхэх хамрэ Мэзкуу и «Спартак»-мрэ я гъуащхьэхъумэ Парехэ (№21) псэхупІэ ниргакъым.

ХЬУЭЖЪУ

Налшык къалэ Советым и депутат, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат, къалэ сымаджэщ №2-м и операцэ къудамэм и унафэщІ Иуан Асльэн Аскэрбий и къуэр кьыщалъхуэ махуэщ, и ныбжьыр илъэс 30 ирокъурэ дохъуэхьу

Адэтэн, у зыншагъэ быдэ уиІэу, уи ІуэхущІафэрэ уи хьэл-щэнкІэ уцІэрыІуэу, уи щІэныгъэм хьбгъахьэу, уи екъулІэныгъэ хэм зауб ГъуІ ілъхэм, лъэпкъым я сэбэп зыхэлъ Іуэху фІэр зэфІэпхыну, къулыкъурэ лэжьыгъэкІэ лъагапІэщІэхэм унэсыну, уи нэхъыжьхэр бгъэуфІэу, укъэзылъхуахэр бгъэгушхуэу, узыхуэпабгъэ уи мурадыфІхэр кьохъулІэну, уи унагъуэ дахэр нэхъри афІакІуэу, уи пщІэр ину гъащІэм гу щыпхэну ди гу апэщІ, Тхьэр фІыгъэкІэ кьыпхуэупсэ!

ФІыуэ укъэзылъагъу кьыбдалхуахэмрэ уи ныбжьэрэгъухэмрэ.

●Іуэху еплъыкІэ

Псалъэр и пІэм щимытым деж абы и мыхьэнэр фІокІуэд

**Ди тхакІуэхэм, щІэныгъэлІхэм, егъэджакІуэхэм, журналистхэм ящыщ зыбжанэм «адыгэбзэ», «адыгэльхъубзэ» псалъэхэр я мыхьэнэкІэ зэху эзуэ, «анэдэлъхубзэр» «адыгэбзэм» и синониму кьалъытэу жьэрыІуатэуи я тхыгъэхэми кьыщагъэсэбэп. Ар тэмэму пІэрэ? ЗанщІэу кьыжьІэнщи, дэ ар мытэмэму кьыдольытэ. Дыззрыщыгъуаззщи, «анэдэлъхубзэ» псалъэр еплощанэ дІэщыгъуэм и тхуэ гъэхэм ди бзэм кьызэрыхьыхьар «родная речь» мыхьэнэр иІэущ. Абы щыхьэт тохьуэ нобэр кьызэсым 2-4-нэ классхэм адыгэ литературэм щыщ тхыгъэ щхьэхуэхэр зэрыщащІ «Анэдэлъхубзэ» тхылъыр.

АДЫГЭБЗЭМ те лажьэхэми, ирилажьэхэми, ди щІэблэми я пІцэм кьалэн льапІэ кьыдохуэ

- бзэр яхъумэну, зрагъэужьыну, ирагъэфІэкІуэну. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхьущІ, нобэкІэ ди адыгэбзэм апхуэдэу псори дыхуэсакьыу пхужьІэнукъым. Бзэм елэжь ди щІэныгъэрыпхлажьэхэм мы Іуэхугъуэм гу лъатапхъэт.

Мы щыуагъэр ди псальалъэм кьыщІожьэ: 1991 гъэм Налшык кьыщыдэкІа «Урыс-адыгэ школ псальалъэм» и 258-нэ напэкІуэцІым мыпхуэдэу итщ: «родной язык - анэдэлъхубзэ» жиІэу, ауэ ар тэмэм дыдэкъым. Зэрыщытын хуеяр «родной язык - адыгэбзэ» жиІэщ. «Родной язык» жьыуиІэр «анэдэлъхубзэмэ», итІанэ «родная речь» жьыуиІэр сыту пІэрэ? «Родная речь» жьыуиІэращ «анэдэлъхубзэ»-хъуэкІр. 1999 гъэм Москва кьыщыдэкІа «Адыгэбзэм и псальалъэ» тхылъым и 22-нэ напэкІуэцІым мыпхуэдэу итщ: Адыгэбзэ - адыгэхэм (кьэбзэдейхэм, шэрджэсхэм, адыгейхэм) я анэдэлъхубзэ. Мыбы «адыгэбзэри» «анэдэлъхубзэри» я мыхьэнэкІэ зыуэ, зы псалъэр адрейм и синониму щыуфІэкІуэну, ауэ абыкІэ акъылэгъу ухьункІэ Іэмал зэрымыІ.

Мы зи гугъу тщІы щыуагъэхэм я щапхъэхэр хэбгъуэтэнущ «Адыгэ псалъэ» газетым, «Іуащхьэмахуэ» журналым кьыградзэ тхыгъэхэми, ди адыгэ усакІуэ пажэхэм я ІэдакъэщІэкІыхэми. Ар, дауи, кьызыхэкІыу кьыщІэкІынур кьыщІэхъуэпсыну хуэкІуэ псалъэ щэрыуэ кьыдэзрамылыльхуэрщ. Мы тхыгъэм селэжьу сызэдэщысым, кьысІэрыхьа «Адыгэ псалъэ» газетым ит «Адыгэ литературэ» гъэжъ щыІэу пІэрэ?» тхыгъэм дыщрохьэлІэ «Я анэдэлъхубзэкІэ тхэ тхакІуэхэм...», «АнэдэлъхубзэкІэ тха тхыгъэхэм...» жиІэу. «АдыгэбзэкІэ тхэ», «адыгэбзэкІэ тха - апхуэдэущ кьэзгъэпльыпхи тыни зэрыхуейр.

Ди усакІуэхэм ящыщ куэдым адыгэбзэм теуІуа усэхэр ятІхащ. Абыхэм яхэтщ «адыгэбзэ» псалъэм и пІэкІэ «анэдэлъхубзэр» кьыщыкІуэхэр. Псалъэм папщІэ, Бицу Анатолэ и «Си анэдэлъхубзэ» усэм Іутщі дыдэу кьыхощ ар адыгэбзэм зэрытеуІуэр, а бзэм ирипсалъэ псоми зэрахуэгъэзащ икІи абы «Си адыгэбзэ» фІищамэ, хьуну щытащ. Ягъэрауэ, «адыгэбзэ» псалъэр нэхъ зэщІэкъуащ, нэхъ къэпсэльыгъэфІэщ. ЕтІуанэрауэ, псалъэр усэм кьИуэтэ гупсысэмрэ ар зытеухуамрэ куэдкІэ нэхъ хуокІуэ икІи нэхъ кьоэзгъ. Ещанэрауэ, усэм дыкьызыхуриджэ Іуэхугъуэр «адыгэбзэ» псалъэм нэхъ гурыІуэгъуафІи, нэхъ Іупщі ещІ.

Абы и закъуэкъым, адрей ди усакІуэхэми ди тхакІуэхэми я тхыгъэхэми апхуэдэ щапхъэхэр хэбгъуэтэнущ. Куэдрэ кьохьу радиокІэ е телевидеонэкІэ «анэдэлъхубзэ» псалъэр «адыгэбзэ» мыхьэнэм хуэкІуэ я гугъэу кьыщапсэль, кьыІуэтэну я мурад гупсысэм ар кьыщемыІэрэ.

Иджы ди щІэблэр зэрыгъэгъаджэ адыгэ литературэ тхылъхэм ярыт щыщІэныгъэхэм ящыщ щапхъэ зыбжанэ къэтхьынщ. Ебгъуанэ классыкъым адыгэ литературэр зэрыщрагъэдж, 2008 гъэм Налшык кьыщыдэкІа тхылъым и напэкІуэцІ зыбжанэм «адыгэбзэ» псалъэм и пІэкІэ «анэдэлъхубзэ» кьыщыхьащ. Тхылъым и ебгъуанэ напэкІуэцІым дыкьышІодэжь: «Адыгэхэнэм анэдэлъхубзэм (родная речьым - Е. А.) иритхэу щыта адыгэ тхакІуэхэм я тхыгъэхэм щыщу мащІэщ ди дэж кьызэрыІуатэрэ». Абы щыгъуэ, «Анэдэлъхубзэ (родная речьым - Е. А.) иритхэу щыта адыгэ тхакІуэхэм я тхыгъэхэм щыщу мащІэщ ди дэж кьызэрыІуатэрэ зэрыщадж тхылъэр «Анэдэлъхубзэ литературэ» жиІэу кьыщІидзащ. Ауэ, ар ещхьщ 90 гъэхэм нэс. 1993 гъэм кьыщыщІэдзауэ нобэр кьызэсым Налшык кьыщыдэкІ 5-8-нэ классхэр зэрырагъэджэ тхылъхэм «Адыгэ литературэ» кІэ ящІ. Ар тэмэмщ, ауэ 90 гъэхэм кьыщыщІэдзауэ нобэр кьызэдэсым шэрджэс курыт еджапІэхэм адыгэ литературэр ику ит классхэм зэрыщадж тхылъхэр «Анэдэлъхубзэ литературэ» жиІэу Черкесск къалэм кьыщыдокІ. Ар, дауи, тэмэмкъым.

Псалъэр и пІэм щимытым деж абы и мыхьэнэр зэрыфІэкІуэдым и щапхъэ нэгъуэщІ куэди щыІэщ, ауэ а псомэ я гугъу зы тхыгъэм щытхуэщІынукъым. НэхъыфІыжьт адыгэбзэм Іуэху хуэІэ псомэ псальэхъэм я кьыхэхькІэм гугъу нэхъ зыдрагъэхьатэмэ, зи гугъу ящІ Іуэхугъуэхэм зэзгъыу ахэр кьагъэсэбэпамэ.

ЕРЖЫБ Асльэн.

●ФщІэн папщІэ

ПщІэ зыхуэтщІ ди лъахэгъуэхэ!

Тезырхэр щапшьи ІэнатІэм хабзэхэр кьыщызэпаду Урысейм и ФСИН-м КЪБР-м щиІэ ходдамэм и лъэжьакІуэхэм хабзэм кьеджыпхъэгъэ яІужьу, Іуэрыхьэ кьыщыгъуэзэмэ, дыныволъэІу (8662) 49-59-28 телефонымкІэ фыкъэпсэльэну.

«Дзыхь зэрыхуащІ пеплъэнэр» жэщми махуэми мэлажьэ, абыкІэ хьыбар кьезыгъащІэхэм я щІэ-ныэпІэхэр жамыІэми хуэнущ.

Ахуэхуэду фи хьыбарыр мыбы евгъэхь хъунущ: usb_ufsin@mail. ru, e-mail:ufsin07@ya.ru

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИМ ХЭТХЭР
Жылаго Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щырдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъуІо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжьыкьарэ Анна.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щІэкІ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщанэ я кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ -47-22-63, 42-57-59; цинхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1ащІэхэм ядэлажьэхьымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджакІуэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзекІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехэхэм юсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпытщ ыцтхьым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щыцыкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм лыгъэгъэзэм и 16-м №П-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щІэкІ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжьыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу ПхытІыкІ Юрэ *(3, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Инна *(1, 2-нэ нап.)*, корректорщэм я дэпкьыкъэгъу Мырэзкан ФатІимэ. *Уэрыхьэрэ гъэтетым и теплъэр ящІащ* Ныр Сандэ, Мэлбахьэу Анжелэ, *суратхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр "Адыгэ псальэм" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 8.878 ●Заказ №3090